# ФокIадэм и 18-м УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр хах

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№180-181 (23.339) ● 2016 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 16, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**КIуэкIуэ Т. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

КиномкIэ гъуазджэм зэфIэкIышхуэ къызэрыщигъэлъэгъуам къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етын **КIуэкIуэ Тамарэ ХьэкIашэ и пхъум**.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм фокIадэм и 14-м*
*№108-УГ*

## Япэ адыгэ киноактрисэ КIуэкIуэ Тамарэ

**КIуэкIуэ Тамарэ РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэщ, япэ профессиональнэ адыгэ киноактрисэщ. Ар 1934 гъэм Налшык къалэ къыщалъхуащ. Театр гъуазджэмкIэ къэрал институтыр, Луначарскэм и цIэр зезыхьэр, 1958 гъэм къиухащ. Иджыри студенткэу Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Одессэрэ щытраха, «Шарф любимой» фильмым хэт Марьям и ролыр игъэзащIэу ар япэу утыку къихьащ. 1959 гъэм щегъэжьауэ «Грузия-фильм» киностудием, 1961 гъэм щегъэжьауэ Москва щыIэ, Киноактёрхэм я театр-студием я актрисэщ.**

1959 ГЪЭМ Киев щекIуэкIа союзпсо кинофестивалым «ЦIыхубз роль нэхъыфI» саугъэтыр къыщыхуагъэфэщащ, «ФатIимэ» фильмым абы и лIыхъужь нэхъыщхьэ ФатIимэ и ролыр зэрыщигъэзэщIам папщIэ. А фильмым иужькIэ ар цIэрыIуэ хуъащ икIи Совет Союзым и и актрисэ нэхъ дахэ дыдэу къалъытащ.

Псори зэхэту КIуэкIуэ Тамарэ жанркIэ зэхуэмыдэ фильму 20-м щыджэгуащ, абыхэм я нэхъыбэм роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщIащ: «Двое из одного квартала», «Зумрад», «26 бакинских комиссаров», «Хамза», «Тайна пещеры Каниюта», «Птица Семург», нэгъуэщIхэми.

КIуэкIуэ Тамарэ ХьэкIашэ и пхъум СССР-м и союзнэ республикэхэм я кинематографие гъуазджэм, лъэпкъ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

## РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIуэкIуэ Тамарэ къыхуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр

● Хъыбар гуапэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыIущIащ РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIуэкIуэ Тамарэ.**



КIУЭКIУЭ ТАМАРЭ кино гъуазджэм хыхьащ 1955 гъэм. ГИТИС-м и студенткэу «Шарф любимой» фильмымкIэ ар япэу утыку къихьащ. Артисткэр фильм 20-м щIигъум щыджэгуащ, ауэ абы и творческэ гъащIэм нэхъыщхьэ щыхъуар «ФатIимэ» фильмым щигъэзэщIа роль нэхъыщхьэрщ. Совет Союзым и мызакъуэу, фильмым ехъулIэныгъэшхуэхэр щиIащ хамэ къэралхэми. Критикхэм къызэралъытэмкIэ, классикэ произведенэхэм къытращIыкIауэ траха фильм нэхъыфIхэм ящыщщ ар.

КIуэкIуэ Юрий актрисэм фIыщIэ хуищIащ лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам, республикэми къэралми пэжу зэрахуэлэжьам папщIэ. А псор къалъытэри, КIуэкIуэ Тамарэ къыхуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр.



## Бахъсэн щIыналъэм и жылагъуэхэм «Урысей зэкъуэтыр» щыдаIыгъщ

**«Урысей зэкъуэт» партым агитацэ егъэкIуэкIынымкIэ и программэм и кIэухыу дыгъуасэ Бахъсэн районым щыщ Зеикъуэ, Ислъэмей, Къубэ-Тэбэ, Бахъсэнёнкэ къуажэхэм концерт нэгузыужьхэр щекIуэкIащ.**

БАХЪСЭНЁНКЭ къуажэм дэсхэм а махуэм яхуэзащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм я кандидат, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ политикэ советым хэт Марьяш Иринэ. Район, къуажэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэр, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыпIэ зэгухьэныгъэм хэтхэр къызрихьэлIа зэIущIэр къыщызэIуихым, парт организацэм и секретарым и къуэдзэ Ахъуэбэч Анзор къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ фокIадэм и 18-м хэхыныгъэр зэщIэгъэуIуауэ къызэгъэпэщын зэрыхуейр.

«Хэхыныгъэм и политикэ мыхьэнэр - ар Путин В. В. къыхиха гъуэгур, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, къэралыр къэгъэщIэрэщIэжыным дыхуэзышэ гъуэгур, дэIыгъынырщ. Дыныволъэу фокIадэм и 18-м хэхыпIэ участкэхэм фекIуалIэу фэ нэхъ ффIэкъабылым тещIыхьауэ Iэ фIэтыну. Абы елъытауэ щытынущ дызыхуэкIуэ илъэситхум къриубыдэу Урысейм зэрызиужьынур.

Фэ «Урысей зэкъуэт» партым къигъэлъэгъуа кандидатхэм папщIэ Iэ фIэтмэ, ахэр мы зэманым къэув къалэныщIэхэм зэрехъулIэнум шэч къытесхьэркъым. Дэ ди мурад нэхъыщхьэр хэхыныгъэм дыщытекIуэныр аракъым, атIэ фэ къытхуэфщI дзыхьым дыхуэфащэу дыщытынырщ. «Урысей зэкъуэтым», ди цIыхухэм я нэхъыбапIэр зи телъхьэ партым, папщIэ Iэ фIэт», - къыхуриджащ зэIущIэм хэтахэр Марьяш Иринэ.

Къызэхуэсахэм папщIэ концерт гъэщIэгъуэн ятащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и эстрадэм и артист, джэгуакIуэ, къэфакIуэ цIэрыIуэхэм.

**ЧЫЛАР Аринэ.**



## Махуэ ирехъу!

● ЗэIущIэхэр

**Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр илъэсищ хъуауэ фокIадэм и 20-м догъэлъапIэ. Мы гъэм а махуэшхуэм псом япэу пежьащ КъБКъУ-м ПедагогикэмкIэ и колледжыр. Абы и егъэджакIуэ Пэщол Сакимэ къызэригъэпэщат «Си хэку, си лъахэ, си адыгэ дуней» фIэщыгъэ зиIэ гуфIэгъуэ зэхыхьэ дахэ.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ КъБКъУ-м и Педагогикэ институтым и унафэщI **Михайленкэ Ольгэ**, фокIадэм и 20-м, Адыгэхэм я махуэм, лъэпкъым фIыгъуэ куэд къыхудэкIуэну, дэнэ щыпсэу адыгэри зэзыпх къару лъэщу дяпэкIэ зиузэщIыну хъуэхъуащ КъБКъУ-м и Педколледжым и унафэщI **Пащты Тимур**.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** утыкум къыщрагъэблагъэм фIыщIэ яхуищIащ зэIущIэр къызэзыгъэпэщахэм икIи дяпэкIэ апхуэдэ Iуэху дахэ куэдым я зэхэублакIуэ ахэр хъуну хъуэхъуащ.

- КъыдэкIуэтей щIэблэм я щапхъэ хъуну дызыщыгугъ, абыхэм я егъэджакIуэу пщэдей футIыпщыну щIалэгъуалэр зыхэт мы Iуэхур махуэ Тхьэм ищI! Зи анэдэлъхубзэр шэрыуэу зыIурылъ, зи лъэпкъ хабзэр нэсу зезыхьэ фэ фщыщ дэтхэнэ зыми фIыщIэ фхуэзощI, фыкъызыхэкIар фщымыгъупщэу, фи хэку фыхуэпэжу дунейм фызэрытетым щхьэкIэ, - жиIащ Сэхъурокъуэм. - Зи тхыдэр жыжьэ къыщежьэ ди лъэпкъым куэд щIауэ къилэжьат мыпхуэдэ гуфIэгъуэ махуэ иIэну. Си фIэщ мэхъу ар дэ къыддэпсэу адрей лъэпкъхэми, Урысей псоми къызэрыддаIыгъынур. Дэ ди япэжкIэ псэуа ди адэжьхэм я зэхуаку дэлъа зэпыщIэныгъэхэмрэ зэрахьа хабзэхэмрэ дымыгъэпуду, зедгъэужь зэпыту дыкъызэрыгъуэгурыкIуэным иужь дивгъэт.

Сэхъурокъуэ Хьэутий Педколледжым и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIу яритащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ ягъэхьэзыра саугъэтымрэ ДАХ-м и щIыхь тхылъымрэ.

ХьэщIэхэмрэ зэIущIэм хэтхэмрэ захуигъазэу къэпсэлъащ колледжым и езанэ къудамэм и унафэщI **Къарэ Хьэцацэ**.

ГуфIэгъуэр зыIэтыр къафэрщ, пшынэрщ, макъамэ дахэрщ. Махуэшхуэр ягъэдэхащ «Амикс» гупым хэт уэрэджыIакIуэхэм. Я анэдэлъхубзэ шэрыуэмрэ я утыку итыкIэ дахэмрэ дагъэлъэгъуащ студентхэм. Педколледжым щекIуэкI егъэджэныгъэ Iуэхум, гъэсэныгъэ лэжьыгъэм, лъэныкъуэ куэдым ехьэлIауэ къызэрагъэпэщ зэхыхьэ купщIафIэхэм, лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр яхъумэрэ къыдэкIуэтей щIэблэр къызыхэкIар ящIэжу зэраущийм я щыхьэтт дыгъуасэ абы щекIуэкIа махуэшхуэр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



## ЩIалэгъуалэ жыджэрхэр зэхуос

● Жылагъуэ Iуэху

**Налшык къалэ дэт «Чайка» санаторэм дыгъуасэ щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм къыхех» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм я зэIущIэ.**

- СОЦИАЛЬНЭ сетхэм ди щIалэгъуалэр жыджэру зэрисыр къэтлъытэри, дэ мурад тщIащ, абыхэм я «напэкIуэцIхэм» къыщаIуатэ гупсысэхэр гъащIэм хэпща хъунымкIэ сэбэп дыхъуну, - жиIащ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэщIэм и унафэщIхэм ящыщ Аттаев Азнор.

Апхуэдэуи Аттаевым къыхигъэщащ хэхыныгъэхэм и пэ къиху мы махуэхэм щIалэгъуалэм я граждан еплъыкIэр нахуэу къаIуэтэнымкIэ, хэхакIуэу щытынымкIэ хуитыныгъэ псори зэраIэр къагурыгъэIуэным хуэунэтIауэ зэрадэлэжьапхъэр.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм къыхех» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм зы унафэщIкъым иIэр, атIэ къыдэкIуэтей щIэблэм, ныбжьыщIэхэм я деж Iулыдж щызиIэ зи щIалэгъуэхэр щызэдолажьэ. Ахэр Джэду Iэниуар, Третьяк Татьянэ, Аттаев Азнор сымэщ. Апхуэдэу а зэгухьэныгъэм я гуащIэрэ акъылрэ халъхьэу хэтщ спортсменхэр, журналистхэр, артистхэр, блогерхэр, щIалэгъуалэ, студент зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр.

**БАЛЪКЪЭР ФатIимэ.**



● ФокIадэм и 18-р Мэзым и лэжьакIуэхэм я махуэщ

## Яхъумэ икIи ягъэбагъуэ

**Хабзэ хъуауэ, фокIадэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэм Мэзым и лэжьакIуэхэм я махуэр ягъэлъапIэ. Мэзым и лэжьакIуэхэм я махуэр - къэралым и мэзхэм я къулеягъэр хъумэным, гъэбэгъуэным зи гъащIэр езыпха цIыхухэм я гуфIэгъуэщ. Ар догъэлъапIэ Совет Союзым «Мэзым и законодательствэр» къыщащта 1977 гъэм фокIадэм и 18-м.**

МЭЗЫР къэрал куэдым я экологие, я экономикэ гъэтIылъыгъэ уасэншэщ. Абы къыхэкIыу, ар хъумэным, зэфIэгъэувэжыным, зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. ИкIи а къалэныр мэз хозяйствэмрэ абы елэжь промышленностымрэ я пщэ дохуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз хозяйствэм и лэжьакIуэхэр я махуэ лъапIэм хуэфащэу ирохьэлIэ. ЗэращIылIа къэрал зэгурыIуэныгъэхэм тету, мэзхэр хъумэным, зэфIэгъэувэжыным теухуауэ къапэщыта псори къанэ щымыIэу зэфIагъэкIащ. КъапщтэмэкIэ, гектар 80-м зэфIэгъэувэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, мэз къэкIыгъэхэр щыхасащ, гектар 854,7-м ахэр щызэрахьащ, гектар 323,9-м мэзхэм я щытыкIэм щыкIэлъыплъащ, гектар 106,6-м гъурыкIхэр щагъэкъэбзащ, пхъэуэ кубометр мини 3,1-рэ ягъэхьэзыращ. Апхуэдэу мэзылъэу гектар мини 2,6-м зэрызаужьыр къапщытащ.

МафIэс къэхъу хъужыкъуэмэ, псынщIэу зэрынэсыну гъуэгухэр ягъэхьэзыращ, щыIэхэр ирагъэфIэкIуащ, мафIэсым зэрыпэщIэт нэгъуэщI лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ. А Iуэхухэм и чэзум зэрегугъуам и фIыгъэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм къегъэбыдылIа щIыналъэм зы лыгъэ закъуи къыщыхъуакъым.

Ди къалэнхэр дгъэзэщIэнымкIэ Мэз хозяйствэмкIэ федеральнэ агентствэмрэ республикэм и унафэщIхэмрэ щIэгъэкъуэн къытхуохъу. Псалъэм папщIэ, иужьрей илъэсхэм къызэрагъэпэща «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз питомник», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз хъумэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз хозяйствэ» ГБУ-хэр хъарзынэу мэлажьэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз питомник» къэрал бюджет IуэхущIапIэм мэзыр зэрагъэбагъуэ, республикэм къыщыкI жыгыщIэ, чыцэ лIэужьыгъуэхэм я гъэIэпхъуэнхэр щызэрахьэ. Абы и фIыгъэкIэ мэз къэкIыгъэхэм я жылапхъэхэр гъэхьэзырын щIадзэжащ, мэз фондым хыхьэ щIыхэм ахэр щыхасэ, къуажэхэмрэ къалэхэмрэ ирагъэдахэ.

Жыгхэр учёт зэращI, а Iуэхур щызэхуагъакIуэ зыуэ щыт къэрал автоматизированнэ системэр республикэм и щIыналъэм къыщагъэсэбэп. Пхъащхьэхэр зэрыхах, зэрыхаш, абыхэм зэрелэжь щIыкIэм а Iэмалымкlэ хуиту кIэлъоплъ.

Республикэм и мэз хозяйствэм и ветеранхэу, и мэзгъэкIхэу пщIэ зыхуэтщIхэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэр Мэзым и лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ къывохъуэхъу. МэзгъэкI IэщIагъэр ипэжыпIэкIэ мы щIылъэм щынэхъ мамыр дыдэхэм ящыщщ. Дыкъэзыухъуреихь дунейм и тыгъэ уасэншэр - мэзыр - ди гуащIэкIэ дохъумэ икIи зэфIыдогъэувэж.

Узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыныгъэ, насып фиIэну, фи мурадхэр къывэхъулIэну, Урысейм и мэзхэм я къулеягъэм хэгъэхъуэным теухуауэ евгъэкIуэкI лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ къыщыфхьыну ди гуапэщ.

***КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэ.***

## НОБЭ

**♦ЩIым и озон къатыр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

**♦Къыргъызстаным къэрал шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

**♦Мексикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.** 1810 гъэм Мексикэр къэрал щхьэхуит хъуащ - ар Испанием къызэрыхэкIым теухуа унафэ къащтащ

**♦1380 гъэм** урысыдзэхэр Куликовэ щIыпIэм деж Мамай хъаным и дзэхэм щатекIуащ.

**♦1918 гъэм** Бэракъ Плъыжь орденыр къащтащ.

**♦1931 гъэм** Москва Гуащэхэм я къэрал академическэ театр къыщызэIуахащ. Театрым зэрехьэ абы и къызэгъэпэщакIуэ, илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта, СССР-м и цIыхубэ артист Образцов Сергей и цIэр.

**♦1943 гъэм** советыдзэхэм Новороссийск къалэр фашистхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

**♦1944 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ республикэм и дохутырхэм я съезд.

**♦1976 гъэм** Ереван псы хъумапIэм хэхуа троллейбусым исахэм ящыщу цIыху 20-м щIигъу кърагъэлащ псы щIагъым щесынымкIэ дунейпсо чемпион мызэ-мытIэу хъуауэ щыта Карапетян Шаварш.

♦Урыс дзэпщ, генерал-фельдмаршал **Кутузов Михаил** (и унэцIэ дыдэр **Голенищев-Кутузовщ)** къызэралъхурэ илъэс 271-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, адыгэхэм я къекIуэкIыкIар зыджа, ЩIДАА-м и академик **Куценкэ Игорь** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Кокшенов Михаил** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Вовк Ангелинэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Абазэ щIэныгъэлI, политик, КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым и депутату щыта **Шенкао Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артист **Петросян Евгений** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ащхъуэт Олег** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ киноактёр цIэрыIуэ **Рурк Микки** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ иллюзионист, игъэлъагъуэ мэгъукъарумкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа **Копперфильд** (и унэцIэ дыдэр **Коткинщ**) **Дэвид** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градуси 10 - 13 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Iуэхухутэ ялIыркъым, лIыкIуэ яукIыркъым.**





● Ди зэпыщIэныгъэхэр

# Зэкъуэтыныгъэм и щапхъэ

**<u>ФокIадэм и 8-м Ставрополь къалэ щекIуэкIащ «Зэкъуэшыныгъэм гъунэ иIэкъым» зыфIаща лъэпкъ щэнхабзэ фестивалыр. А махуэм «Ставрополь» концерт тыпIэм щызэIущIащ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щэнхабзэмкIэ я лэжьакIуэхэр. Махуэшхуэр къызэгъэпэщыным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуащ а къалэм щызэхэт адыгэ, къэрэшей, абазэ, нэгъуей лъэпкъщэнхабзэ зэгухьэныгъэхэр, апхуэдэуи дэIэпыкъуэгъу хъуащ Ставрополь крайм Лъэпкъ Iуэхухэмрэ казачествэмкIэ и къэрал комитетымрэ ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ.</u>**

ЗЭХУЭСЫМ кърихьэлIащ Ставрополь крайм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм я унафэщIхэм я лIыкIуэхэр, жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэр.

А къалэм щызэхэт «Адыгэхэр» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщI **Шыбзыхъуэ Юрэ** къызэрыджиIамкIэ, къызэрагъэпэща махуэшхуэм мыхьэнэ ин иIэщ Ставрополь краймрэ абы и гъунэгъу хэгъуэгухэмрэ щыпсэу лъэпкъхэм зэгурыIуэныгъэрэ зэныбжьэгъугъэрэ я зэхуаку дэлъынымкIэ, щIалэгъуалэр зэхущытыкIэфIым хуэгъэсэнымкIэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ.

Махуэшхуэм хэтхэмрэ хьэщIэхэмрэ Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир къыбгъэдэкI фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Скворцов Юрий**.

- Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр нэхъри егъэфIэкIуэныр Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм, Урысей псом и хэгъуэгухэм яхуигъэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ, - жиIащ Скворцовым. - Дэ, УФ-м ис лъэпкъхэр, куэд дохъу, дэтхэнэми езым ди бзэрэ ди хабзэрэ диIэжу, ауэ зы гъащIэ гъуэгуанэм дызэрызэпищIэм къыхэкIыу дызэгурыIуэу дыкъызэдекIуэкIын хуейщ. Къапщтэмэ, Ставрополь крайм лъэпкъи 120-рэ щопсэу. А псори дызэкъуигъэтщ ди лъахэр, хэкур, Урысейр фIыуэ зэрытлъагъум.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу «Зэкъуэшыныгъэм гъунэ иIэкъым» фестивалым хэтащ КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** сымэ. КIурашын Анзор къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Урысейр лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэрыбейр, абыхэм я зэкъуэтыныгъэр ди хэкум и къару лъэщу зэрыщытыр.

Ставрополь митрополием и лIыкIуэ **Отец Василий**, Муслъымэнхэм я управленэм и муфтий **Рахимов Мухьэмэд-хьэжы**, Ставрополь къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Алпатов Денис**, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я полномочнэ лIыкIуэу Ставрополь крайм щыIэ **Батчаев Магомед** сымэ, нэгъуэщIхэми жаIащ Кавказым ис лъэпкъхэр зэзыпх Iуэху нэхъыщхьэр зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ ару зэрыщытыр, дызыхэпсэукI геополитикэ щытыкIэр зэрыгугъум емылъытауэ, дэтхэнэ лъэпкъми и хъугъуэфIыгъуэхэр зэрихъумэжыпхъэр, дин, лъэпкъ зэгурыIуэмрэ гулъытэмрэ зэи IэщIыб тщIы зэрымыхъунур.

А пщыхьэщхьэм гуфIэгъуэр яIэту утыкум зыкъыщагъэлъэгъуащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым, «Вольная степь» къэзакъ ансамблым (Ставрополь), «Эльбрус» къэфакIуэ къэрал ансамблым (КъШР). УэрэджыIакIуэхэу Ташло Алий, Молэ Артур, Шэрджэс Iэсият, Меремкулов Ачар, НапщIэ Iэминат, Гум Александр, «Джигитей» гупым ягъэзэщIа уэрэдхэм наIуэ къащIырт Ставрополье, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс щIыналъэхэм я лъэпкъ щэнхабзэм и беягъыр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Сурэтхэм:* **фестивалыр щекIуэкIым.**
*Тезыхар* **Къарей Элинэщ.**











● Хэхыныгъэхэр-2016

# «Урысей зэкъуэтым» и программэр цIыхубэм я пащхьэ ирелъхьэ

2016 гъэм фокIадэм и 18-м Къэрал Думэм и депутатхэр хах. «Урысей зэкъуэтым» IуэхукIэ къигъэлъэгъуащ лъэпкъым и политикэ убзыхуакIуэу, ипэжыпIэкIэ лъэпкъ псом я парту зэрыщытыфынур. Дэ хэхыныгъэм дыхуокIуэ Урысейм ис цIыху гуп псори ди гъусэу.

ЗэфIэгъэкIын хуей Iуэхуу, дызыхуэплъэ мураду, лэжьыгъэхэм я унэтIыныгъэу ди программэм къызэщIиубыдэхэр напэкIуэцIи 100-м щIигъум ихуа къудейщ. Ауэ а программэр зылъагъу дэтхэнэ зыри, шэч хэмылъу, щIэупщIэнущ: «ТхылъымпIэм сыт ухуейми иптхэ хъунущ. Ауэ апхуэдиз Iуэхур партым сыт хуэдэу зэрыхузэфIэкIынур?» Дэ диIэщ зыхуэдгъэувыж мурадхэр зэрыдгъэзащIэ Iэмалхэр. Абыхэм ди зэфIэкIыр зэрагъэбагъуэр куэд щIауэ нэрылъагъущ. Апхуэдэхэм ящыщщ къэралым и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа указхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ щIэгъэкъуэн къэтщIа Iэмалхэр, дэтхэнэ Iуэхуми проект бгъэдыхьэкIэ зэрыхудиIэр.

Илъэси 10 япэкIэ дэ утыку къитлъхьащ лъэпкъ проект ину плIы: «ПсэупIэ», «Узыншагъэр хъумэныр», «Егъэджэныгъэ», «Къуажэ» жыхуиIэхэр. Я зэхэлъыкIэкIи я инагъкIи Iэтыгъуейуэ щыт къалэнхэр къыпэщытщ къэралым. ПсэупIэр хуабжьу зэпаубыдат. Иджыпсту псори зыщыгъуазэ икIи жыджэру къэралым къыщагъэсэбэп ипотекэр къежьа къудейуэ арат. Абы лъандэрэ псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мелуанхэр ящIащ. Школхэр, поликлиникэхэр, сымаджэщхэр щIэуэ яухуащ.

Ауэ нэхъыщхьэ дыдэу щытыр аращи, ди къэралым щагъэзэщIащ демографиемкIэ программэр. Ар фIыгъуэ псоми ефIэкIыу жыпIэ хъунущ икIи иджыпсту псоми ялъагъу цIыхухэм я гъащIэм зэрыхэхъуар. Лэжьыгъэхэр щедгъажьэм щыгъуэ, илъэс 11 япэкIэ, цIыхухэр ику иту зэрыпсэур илъэс 65-м зэрыщIигъушхуэ щымыIамэ, иджы ар илъэс 71-м щхьэдэхащ. Апхуэдэу нэхъыбэ хъуащ къэралым къыщалъху сабийхэри. Иужьрей илъэс 25-м къриубыдэу иджы 2013 гъэ лъандэрэ къэралым цIыхуу исым я бжыгъэм хэхъуэурэ йокIуэкI, лIэхэм нэхърэ къалъхухэр нэрылъагъуу зэрынэхъыбэм къыхэкIыу.

Аращи, проектхэр, унафэ зэмылIэужьыгъуэхэр гъэзэщIэным Iуэху хъарзынэхэр къадэкIуащ. Ауэ зыужьыныгъэр къыпхуэгъэувыIэнукъым, икIи дэ ди къалэнщ стратегие мыхьэнэ зиIэ проектыщIэхэр дяпэкIи дгъэхьэзырыну. Языныкъуэ проектхэр ятещIыхьащ нэхъ япэкIи лъэпкъ проектхэр щагъэзэщIа IэнатIэхэм адэкIи зегъэужьыным. Ауэ абы къикIыркъым зэгуэр ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр къытрагъэзэжурэ ягъэзэщIэн хуейуэ, хэхауэ гулъытэ зыхуащIынур апхуэдэ IэнатIэхэм унафэщI лэжьыгъэр щегъэфIэкIуэнырщ, ахэр финансхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэщынырщ. Абы къыхэкIыу дэ ди мурадщ узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, ипотекэм, псэупIэхэр бэджэнду зэратым, псэупIэкоммунальнэ хозяйствэм я IэнатIэхэм яхуэтщI гулъытэр къэдмыгъэтIэсхъэну.

А псоми къадэкIуэу гулъытэншэу къэдгъанэ хъунукъым экономикэм и инфраструктурэри. Абыхэм дыщIагъужынущ экономикэм сытым дежи къыпэщыт Iуэхухэр дэзыгъэкIыну унэтIыныгъэщIэхэр. Абыхэм ящыщщ къэрал зэхуаку кооперацэр, экспортым зегъэужьыныр, сыту жыпIэмэ арыншауэ ди промышленностым и зэфIэкIыр нэгъэсауэ дунейпсо утыкум къыщытхуэгъэсэбэпынукъым. Абыхэм къыгуэхыпIэ имыIэу япыщIащ мылъкушхуэ щагъэхьэзыр лэжьапIэ IэнатIэ зызыужьахэр къызэгъэпэщыныр.

Иужьрей илъэсхэм бизнесым и IуэхущIапIэ мыинхэм хъарзынэу зауж ьащ, ауэ ахэр къэзылъахъэ Iуэхухэр нэгъэсауэ къахузэнэкIакъым. Абы къыхэкIыу хьэрычэт IэнатIэ мыинхэм защIэгъэкъуэныр инфраструктурэ проект щхьэхуэу къащтэ хъунущ. Аращ проект бгъэдыхьэкIэ жыхуэтIэри: ахъшэр къикIышхуэ щымыIэу зэрытрагуашэм и пIэкIэ ар зэщIэгъэуIуауэ IэнатIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм къыщыгъэсэбэпынырщ икIи апхуэдэ къэгъэсэбэпыкIэм къиххь фейдэр къэIэтынырщ.

ПщIэ зыхуэтщI ди хэкуэгъухэ! ЗыщIым нэхърэ еплъыр нэхъ Iэзэщ жыхуаIэрати, сыт хуэдэ Iуэхури пхуэубынущ. Абы и лъэныкъуэкIэ ди партми хужыпIэн бгъуэтынущ, сыту жыпIэмэ абы иджыпсту и тетыгъуэщи. Ди партыр лэжьакIуэ лъэщхэмкIэ къулейщ, абы езым и программэ, апхуэдэу къэралым зегъэужьынымкIэ дэтхэнэ зы лъэбакъуэри зыхуэдэу щытын хуей план иIэщ. Апхуэдэу дэ быдэу ди фIэщ мэхъу цIыхухэм я гъащIэр зэредгъэфIэкIуэфынур. Илъэси 100-м щIигъу япэкIэ Столыпин Пётр жиIауэ щытащ урысей къэралым и кIуэцIкIи и щIыбкIи щыгъэбыдэным къикIыр цIыхубэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр арауэ зэрыщытыр. Апхуэдэ егупсысыкIэр иджыпстуи тэмэмщ. «Урысей зэкъуэтыр» хуэхьэзырщ къэралым и щытыкIэмкIэ жэуап зэритыным.

***Дэтхэнэми и псалъэр зэхэтхыну дэ ди къалэнщ!***

***ЦIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр дэгъэкIыныр дэ ди лэжьыгъэщ!***

***Урысейм телэжьэнымрэ ар хъумэнымрэ дэ ди мурадщ!***

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и программэр пхъэидзэм кърикIуам ипкъ иткIэ пщIэкIэ тыдодзэ икIи «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и хэхыныгъэ фондым къыхэкIыу и уасэр щIатащ.

● Лэскэн щIыналъэ

# Гъэр яхуэфIащ

**<u>Лэскэн щIыналъэр мы илъэсым хадэхэкIхэмкIэ бэлэрыгъакъым. Псори зэхэту хасар гектар мини 5-м нызэрохьэс. Ар илъэс кIуам яIам нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэщ.</u>**

МЭКЪУМЭШ IэнатIэхэм кIэртIоф хэплъыхьауэ гектар 600-м нэс къатIыжащ, нащэу кърахьэлIар тонн 1640-м щIегъу. Гектар 4106-м щыхаса адрей хадэхэкIхэри (помидорыр, къэбэчкир, джэш щхъуантIэр, жэгундэр) яхуэбэгъуащ, и чэзум зыхуей хуэзэу ирагъэкIуэкIа агротехникэ лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ. КъищынэмыщIауэ, щIым елэжьхэм жылапхъэфI-хэр яIащ. Мы зэманым языныкъуэ хозяйствэхэм иджыри помидорыр къыщыщIачыж.

Лэскэным и гъавэгъэкIхэми мы илъэсыр яхуэфIащ.

Мэкъумэш хозяйствэмкIэ, промышленностымрэ сатумкIэ щIыналъэ управленэм дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, бжьыхьэсэ гъавэу гектар 310-рэ кIэрыхуншэу кърахьэлIэжащ. Абы щыщу гектар 260-р гуэдзщ, гектар 50-р хьэпцIийщ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

**<u>Мы тхыгъэр зытеухуа КIыщ-Дэбагъуэ Ритэ илъэс зыбжанэкIэ сыдэлэжьащ. НэхъыжьыфIым пщIэшхуэ хузощI, Тэрч районым щэнхабзэм зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIам, зэрыцIыху нэсым, гу къабзэм, псэ хьэлэлым папщIэ.</u>**

● Зауэм и бын

# Адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэ

РИТЭ и адэ КIыщ Мухьэмэд зауэм кIуащ, пхъу къызэрыхуалъхуар имыщIэу. Зи щхьэгъусэр гуузу зауэм хэкIуэда анэм и сабийхэр зэрыхузэфIэкIкIэ, адэ зиIэм иримыгъэхъуапсэу зэрипIыным хущIэкъуами, зэман гугъум ар Iуэху тынштэкъым.

- Зауэ зэманым ди Астемырей къуажэм цIыхухъу балигъ къыдэнэжатэкъым. Си адэ Мухьэмэди абыхэм яхэтащ. Украинэм и къалащхьэ Киев деж ар щыхэкIуэдауэ жаIэж. Хэку зауэшхуэм «срибынми», сыкъалъхуагъащIэти, абы зыри хэслъагъукIакъым, IуэрыIуэтэжу зэхэсха мыхъумэ. Си адэмрэ сэрэ зэи дызэрылъэгъуакъым, «папэ» псалъэр жызыIэм сехъуапсэу сыкъэхъуащ. Ди анэ КIутIэ зауэ нэужьым сабиищ дыкъыщIэнащ, зым нэхърэ адрейр нэхъ цIыкIужу. Нэмыцэхэр ди жылэм къыщыдыхьам джэдкъази былыми къытхуагъэнатэкъым, ди унэхэри зэхакъутат. Фызабэу къэна ди къуажэ фызхэми хуэдэу, ди анэр гугъу дыдэ ехьахэм ящыщщ. ЗакъуэтIакъуэхэм я щхьэгъусэхэрщ зауэ нэужьым къэ-зыгъэзэжар. ЦIыхубзхэр нэху мыщу губгъуэм кIуэрти, жэщыр хэкIуэтэху щылажьэрт, колхозым и щIыр яврт, ясэрт. Гъавэр къезыхьэлIэжри ахэрат. Сэ сыцIыкIу дыдэт. Си анэр сыжейуэ дэкIырти, сыжейуэ къэкIуэжырт. Илъэс псом гугъу ехьахэм зы соми кърату ртэкъым, трудоденкIэ лажьэу арати. Илъэсыр иуха нэужь, колхозым зэIущIэ ящIырти, щIыхуэ къатехуауэ къыжраIэрти, цIыхухэр гъыуэ зэбгрыкIыжхэрт. Ди анэм жиIэжырт ди къуажэм дэс зылI гуэрым, колхоз хадэм зы нащэ къызэрыщидыгъуам папщIэ, зэрагъэтIысар, - игу къегъэкIыж Ритэ.

ЕджапIэр ехъулIэныгъэрэ щытхъукIэ къиуха нэужь, Ритэ Астемырей къуажэм егъэджакIуэу щылэжьащ. А IэнатIэм ар пэрытащ щытхъурэ фIыщIэрэ иIэу. ИужькIэ ар Акъбащ Ипщэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм макъамэмкIэ егъэджакIуэу ягъэкIуащ. КъэфакIуэхэм, уэрэджыIакIуэхэм, усэ фIыуэ зылъагъухэм я театр къызэригъэпэщам щIалэгъуалэ куэд екIуалIэу щытащ. КъищынэмыщIауэ, Ритэ макъ дахэ, жьгъыру иIэт. Тэрч районым и радиом нэтын купщIафIэхэр тхьэмахуэм щэ щигъэхьэзырырт, цIыху пашэхэм, лэжьакIуэ жыджэрхэм папщIэ уэрэдхэр, макъамэ дахэхэр кърригъэтырт.

Апхуэдэу Ритэ уэрэди уси итхырт, ар газетхэм къытехуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Тэрч къалэм и махуэшхуэр къызэIуахауэ щытащ ди лъэIукIэ Ритэ едгъэтха уэрэдымкIэ. Ар пенсэм тIысыжыху Тэрч куейм щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щегъэфIэкIуэным пщIэрэ щIыхьрэ иIэу хуэлэжьащ. КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, комсомолым и обкомым я щIыхь тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр къыхуагъэфэщащ, и лэжьыгъэфIхэр къалъытэри.

Ритэрэ и щхьэгъусэ Дэбагъуэ Анатолэрэ щапхъэ зытрах унагъуэ дахэ яухуащ, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу къызэдэгъуэгурыкIуащ. Зэщхьэгъусэхэм я бынхэри гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэуващ. Япхъу Светланэ и IэщIагъэкIэ дохутырщ, я къуэ Мирослав подполковникщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, я щIалэ курыт Аслъэн и ныбжькIэ щIалэ дыдэу дунейм ехыжащ. Абы и фэеплъу къыщIэнащ и къуэ Аскэр. Ар Оренбург дэт ФинансхэмкIэ институтым щоджэ. Дадэнанэм я лъэр щIагъэкI я гукъыдэжым хагъахъуэ, я къуэрылъху-пхъурылъхухэм къатепщIыкIыжа я щIэблэ дахэм. Абыхэми зыпащI щыIэкъым чэнджэщакIуэу, ущиякIуэу яIэ зэрыгушхуэ нэхъыжьыфIхэр. Анатолэрэ Ритэрэ я быным я быныжхэр щIапIыкIащ я лъэпкъыр, Хэкур фIыуэ ялъагъуу, нэхъыжьхэм пщIэ хуащIу, гъащIэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр зыхащIэу зэрыпсэуным.

**АФIЭУНЭ Майе.**





**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблане хэхыгъуэм и депутатхэм папщIэ Iэ щаIэтыну пэшхэм къыщызэрагъэпэща хъыбарегъащIэ стендхэм хьэрф пIащэкIэ тха материалхэр изылъхьэ хэхыпIэ участкэхэм я спискэр убзыхуным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм фокIадэм и 14-м Налшык къалэ №156/3-5***

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къащта Федеральнэ закон №20-ПП-м и 28-нэ статьям, 78-нэ статьям и Iыхьэ 10-м тету, зэрынабгъэм къыхэкIыу ныкъуэдыкъуэу къалъыта цIыхухэм я деж информацэр нэгъэсын мурадкIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм къыхалъхьахэр къилъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблане хэхыгъуэм и депутатхэм папщIэ Iэ щаIэтыну пэшхэм къыщызэрагъэпэща хъыбарегъащIэ стендхэм хьэрф пIащэкIэ тха материалхэр изылъхьэ хэхыпIэ участкэхэм я спискэр къэщтэн (мы унафэм щIыгъущ).

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хуэгъэувын мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа хъыбарегъащIэ тхыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуригъэхьыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я унафэщIхэм къалэн ящыщIын мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэр участкэ хэхакIуэ комиссэхэм иратыну.

4. Участкэ хэхакIуэ комиссэхэм къалэн ящищIын Iэ щаIэтыну пэшхэм е абыхэм я щIыхьэпIэхэм хуэзэу хъыбарегъащIэ стенд къыщызэIуахыну икIи зэрынабгъэм къыхэкIыу ныкъуэдыкъуэу къалъыта хэхакIуэхэм хуиту щыгъуазэ зызыхуащIыфын хъыбарегъащIэ тхыгъэу мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуахэр абыхэм кIэралъхьэну.

5. Мы унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуегъэхьын.

6. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым щыIэ сайтым илъхьэн.

7. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь Джаппуев М.Хь.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI — ДЖЭШ Вячеслав**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь — ДЖАППУЕВ Мусэ**

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2016 гъэм фокIадэм и 14-м къыдигъэкIа Унафэ №156/3-5-м и гуэдзэн***

**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблане хэхыгъуэм и депутатхэм папщIэ Iэ щаIэтыну пэшхэм къыщызэрагъэпэща хъыбарегъащIэ стендхэм хьэрф пIащэкIэ тха материалхэр изылъхьэ хэхыпIэ участкэхэм я спискэр**

| №№ | ЩIыналъэ хэхакIуэ комиссэм зэреджэр | ХэхыпIэ участкэхэр псори зэхэту зэрыхъур | ХэхыпIэ участкэхэм я номерхэр |
|---|---|---|---|
| 1. | Бахъсэн щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ | 26 | №№1-26 |
| 2. | Бахъсэн къалэ хэхакIуэ комиссэ | 16 | №№27-42 |
| 3. | Дзэлыкъуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ | 25 | №№43-67 |
| 4. | Лэскэн щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ | 11 | №№68-78 |
| 5. | Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ | 18 | №№79-96 |
| 6. | Налшык къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ | 102 | №№98-199 |
| 7. | Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ | 33 | №№200-231, 253 |
| 8. | Прохладнэ къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ | 20 | №№233-252 |
| 9. | Тэрч щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ | 24 | №№97, 254-276 |
| 10. | Аруан щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ | 23 | №№277-299 |
| 11. | Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ | 18 | №№ 300-317 |
| 12. | Шэрэдж щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ | 17 | №№318-334 |
| 13. | Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ | 21 | №№335-355 |
| | **Псори зэхэту**: | **354** | |

● Бахъсэн щIыналъэ

# Къуажэ щIалэгъуалэр ягъэгуфIэ

**<u>Куба къуажэм къыщызэIуахащ стадионрэ пшахъуэм хэту волейбол ущыджэгу хъу утрэ.</u>**

Жылагъуэм дэс щIалэгъуалэм иджыри къэс къагъэсэбэпар мини-футболымкIэ яIа джэгупIэ закъуэрщ. Абы языныкъуэхэм и деж нэгъуэщI спорт зэхьэзэхуэхэри щрагъэкIуэкIырт. КъуажэмкIэ ар нэрылъагъуу мащIэт.

ЩытыкIэр къалъытэри, ухуэныгъэщIэхэр зэгъусэу кърахьэжьэри зэфIагъэкIащ щIыналъэ унафэщIхэмрэ къуажэдэсхэмрэ. Спортым гулъытэ хэха щыхуащI жылагъуэдэсхэр апхуэдэ тыгъэм щымыгуфIыкIыу къэнакъым.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ мурадхэр зэрызэфIагъэкIым, Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ щыIэ советым ведомствэхэм зэдай и лэжьакIуэ гупхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа унафэ №12-РГ-мкIэ къищтахэм, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

1.Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ мурадхэр зэрызэфIагъэкIым, Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ щыIэ советым ведомствэхэм зэдай и лэжьакIуэ гупхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ мурадхэр зэрызэфIагъэкIым, Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ щыIэ советым ведомствэхэм зэдай и лэжьакIуэ гупхэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа унафэ №12-РГ-мкIэ къиищтахэм мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) «Зэман кIыхьым тещIыхьауэ ирагъэкIуэкI экономикэ политикэм и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №596-р гъэзэщIэнымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

**Асанов А. У.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

**Тараев И. В.** - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Шагин С. И.** - Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*;

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын Кислицын А. Н., Кладько И. Е., Шэт И. М. сымэ;

б) «Къэрал социальнэ политикэр пхыгъэкIынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №597-р гъэзэщIэнымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

**Iэрыпщэ Ж. Къ.** - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм социальнэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр - егъэджэныгъэмкIэ управленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Асанов А. У.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

**Къанэмэт Р. Ю.** - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

**ЛутI М. А.** - Прохладнэ мунциипальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Семэн П. Г.** - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*;

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын Жилинэ С. А., Къаздэхъу О. Г., КIэрэф М. А., ЛутI А. Г., Шэт И. М. сымэ;

в) «Узыншагъэр хъумэным хуэгъэза къэрал политикэр егъэфIэкIуэным и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №598-р гъэзэщIэнымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

**Къанэмэт Р. Ю.** - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

**ЛутI М. А.** - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Мэкъуауэ Э. К.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и дэIэпыкъуэгъур *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

**Семэн П. Г.** - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*;

Асанов А. У. и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)»;*

ведомствэхэм зэдей лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын Къаздэхъу О. Г., КIэрэф М. А., ЛутI А. Г., Шэт И. М. сымэ;

г) «Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ яхуэгъэза къэрал политикэр пхыгъэкIынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №599-р гъэзэщIэнымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

**Iэрыпщэ Ж. Къ.** - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм социальнэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр - егъэджэныгъэмкIэ управленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Къанэмэт Р. Ю.** - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

**ЛутI М. А.** - Прохладнэ мунциипальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Семэн П.Г.** - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ);*

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын Къаздэхъу О. Г., КIэрэф М. А., ЛутI А. Г., сымэ;

д) «Урысей Федерацэм и цIыхухэр тыншыпIэ псори зиIэ псэупIэ езэгърабгъукIэ къызэгъэпэщынымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэIэтынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм ятеухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №600-р гъэзэщIэнымкIэ ведомствэхэм зэдей лэжьакIуэ гупым:

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

**Журавлёв А. И.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмкIэ, псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

**Ует А. З.** - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ);*

ведомствэхэм зэдей лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын Къанэмэт Р. Ю., Кучменов ТI. М. сымэ;

е) «Къэрал управленэм и зэхэлъыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №601-р гъэзэщIэнымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

**Iэрыпщэ Ж. Къ.** - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм социальнэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр - егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Емуз А. С.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъумрэ кадрхэмрэ я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

**Стаценкэ И. В.** -Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ);*

ведомствэхэм зэдей лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын Жилинэ С. А., Ким Р. Б. сымэ;

ж) «Лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэр къызэгъэпэщыным и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №602-р гъэзэщIэнымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

**Iэрыпщэ Ж. Къ.** - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм социальнэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр - егъэджэныгъэмкIэ управленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Къанэмэт Р. Ю.** - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

**ЛутI М. А.** - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын Жилинэ С. А., Къаздэхъу О. Г., ЛутI А. Г. сымэ;

з) «Урысей Федерацэм и демографие политикэр пхыгъэкIыным и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №606-р гъэзэщIэнымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

**Асанов А. У.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

**Iэрыпщэ Ж. Къ.** - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм социальнэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр - егъэджэныгъэмкIэ управленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Къанэмэт Р. Ю.** - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

**ЛутI М. А.** - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Семэн П. Г.** - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ);*

ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын Жилинэ С.А., Къаздэхъу О. Г., КIэрэф М. А., ЛутI А. Г., Шэт И. М. сымэ.

2. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ** **КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м*
*№61-РГ*

**● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр**



**Пащтыхь Александр ЕтIуанэм и адыгэ зауэлIхэр.**
*Сурэтыр зыщIар наIуэкъым. 1860 гъэ*

**Къуажэхэм щыIэ курыт еджапIэхэм физкультурэмрэ спортымрэ зыхуэгъэсэнымкIэ Iэмалхэр къыщызэгъэпэщыным трагъэкIуэдэн папщIэ 2013-2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм кърииубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым субсидиехэр къызэрыхахымрэ зэрытрагуашэмкIэ Хабзэхэр къэщтэным теухуауэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2016 гъэм шыщхьэуIум и 10-м Налшык къалэ №144-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къуажэхэм щыIэ курыт еджапIэхэм физкультурэмрэ спортымрэ зыхуэгъэсэнымкIэ Iэмалхэр къыщызэгъэпэщыным трагъэкIуэдэн папщIэ 2013-2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм кърииубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым субсидиехэр къызэрыхахымрэ зэрытрагуашэмкIэ Хабзэхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI**
**МУСУКОВ Алий.**

**Урысей Федерацэм и Президентым и указхэу «Къэрал социальнэ политикэр пхыгъэкIынымкIэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м №597-м щIэту къыдэкIар, «2012-2017 гъэхэм сабийхэм я сэбэп зыхэлъхэм ятелэжьэнымкIэ лъэпкъ стратегием и IуэхукIэ» 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м №761-м щIэту къыдэкIар, «Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэмрэ къащхьэщыжыным хуэгъэза къэрал политикэр пхыгъэкIынымкIэ лэжьыпхъэ язынықъуэ Iуэхухэм ятеухуауэ» 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м №688-м щIэту къыдэкIар гъэзэщIэным трагъэкIуэдэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм 2016-2018 гъэхэм хухах бюджет ахъшэм щыщу лэжьакIуэ гуп щхьэхуэхэм я лэжьапщIэр къэIэтыным хуэгъэзар къызэрагъэсэбэп хабзэхэр къэщтэным и IуэхукIэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2016 гъэм шыщхьэуIум и 17-м Налшык къалэ №152-ПП***

1. Урысей Федерацэм и Президентым и указхэу «Къэрал социальнэ политикэр пхыгъэкIынымкIэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м №597-м щIэту къыдэкIар, «2012-2017 гъэхэм сабийхэм я сэбэп зыхэлъхэм ятелэжьэнымкIэ лъэпкъ стратегием и IуэхукIэ» 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м №761-м щIэту къыдэкIар, «Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэмрэ къащхьэщыжыным хуэгъэза къэрал политикэр пхыгъэкIынымкIэ лэжьыпхъэ язынықъуэ Iуэхухэм ятеухуауэ» 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м №688-м щIэту къыдэкIар гъэзэщIэным трагъэкIуэдэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм 2016-2018 гъэхэм хухах бюджет ахъшэм щыщу лэжьакIуэ гуп щхьэхуэхэм я лэжьапщIэр къэIэтыным хуэгъэзар къызэрагъэсэбэп хабзэхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI**
**МУСУКОВ Алий**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2016 гъэм шыщхьэуIум и 16-м Налшык къалэ №427-рп***

Къуажэхэм щыIэ курыт еджапIэхэм физкультурэмрэ спортымрэ зыхуэгъэсэнымкIэ Iэмалхэр къыщызэгъэпэщыным трагъэкIуэдэн папщIэ 2013-2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм кърииубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым субсидиехэр къызэрыхахымрэ зэрытрагуашэмкIэ Хабзэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм шыщхьэуIум и 10-м къыдигъэкIа унафэ №144-ПП-мкIэ къиищтахэм, япкъ иткIэ мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу къэщтэн къуажэхэм щыIэ курыт еджапIэхэм физкультурэмрэ спортымрэ зыхуэгъэсэнымкIэ Iэмалхэр къыщызэгъэпэщыным трагъэкIуэдэн папщIэ 2013-2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм кърииубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкI субсидиехэр зэрытрагуашэ щIыкIэр.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI**
**МУСУКОВ Алий**

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм шыщхьэуIум и 16-м къыдигъэкIа Унафэ №427-рп-мкIэ къиищтащ***

**Къуажэхэм щыIэ курыт еджапIэхэм физкультурэмрэ спортымрэ зыхуэгъэсэнымкIэ Iэмалхэр къыщызэгъэпэщыным трагъэкIуэдэн папщIэ 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм кърииубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкI субсидиехэр зэрытрагуашэр**

| №№ | Муниципальнэ щIыналъэм зэреджэр | Псори | Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкI субсидиер зыхуэдизыр, абы щыщу: | | Муниципальнэ бюджетым и ахъшэу къыхалъхьапхъэу къалъытэр зыхуэдизыр, *сом мин* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | Федеральнэ бюджетым и ахъшэр, *сом мин* | Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъшэр, *сом мин* | |
| 1. | Бахъсэн муниципальнэ район | 2215,0 | 2000,0 | 170,0 | 45,0 |
| 2. | Дзэлыкъуэ муниципальнэ район | 2215,0 | 2000,0 | 170,0 | 45,0 |
| 3. | Лэскэн муниципальнэ район | 2215,0 | 2000,0 | 85,0 | 45,0 |
| 4. | Май муниципальнэ район | 1108,0 | 1000,0 | 170,0 | 23,0 |
| 5. | Прохладнэ муниципальнэ район | 2215,0 | 2000,0 | 170,0 | 45,0 |
| 6. | Тэрч муниципальнэ район | 2215,0 | 2000,0 | 170,0 | 45,0 |
| 7. | Аруан муниципальнэ район | 2215,0 | 2000,0 | 170,0 | 45,0 |
| 8. | Шэджэм муниципальнэ район | 2215,0 | 2000,0 | 170,0 | 45,0 |
| 9. | Шэрэдж муниципальнэ район | 2215,0 | 2000,0 | 170,0 | 45,0 |
| 10. | Iуащхьэмахуэ муниципальнэ район | 2215,0 | 2000,0 | 170,0 | 45,0 |
| | Псори | 21043,0 | 19000,0 | 1615,0 | 428,0 |

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ Зэзыгъэзэу республикэ комитетым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м Налшык къалэ №134-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ Зэзыгъэзэу республикэ комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м къыдигъэкIа унафэ №142-ПП-мкIэ къищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Зэзыгъэзэу республикэ комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Инжыжокъуэ С. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Къэжэр Хъу. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*;

б) Зэзыгъэзэу республикэ комитетым къыхэгъэкIыжын Бгъэжьнокъуэ З. М., Кирин А. В. сымэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

ЩIы Iыхьэр зы лIэужьыгъуэм къыхагъэкIыу нэгъуэщI лIэужьыгъуэм хэгъэхьэным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м Налшык къалэ №136-ПП*

Шэджэм муниципальнэ районым щыщ Щхьэлыкъуэ къуажэм и щIыналъэ администрацэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м №463-м щIэту къитха лъэIум хэплъауэ, Урысей Федерацэм и ЩIы кодексым и 8-нэ статьям, «ЩIыхэр е щIы Iыхьэхэр зы лIэужьыгъуэм къыхагъэкIыу нэгъуэщI лIэужьыгъуэм зэрыхагъэхьэ щIыкIэм и IуэхукIэ» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №171-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIы кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Мэкъумэш щIапIэу къагъэсэбэп щIыхэм къыхагъэкIыу автомобилхэм газ щрагъахъуэ компрессор станц щаухуэн папщIэ промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм пыщIауэ къагъэсэбэп щIыхэм, космическэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ къагъэсэбэп щIыхэм, зыхъумэжыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ къагъэсэбэп щIыхэм, нэгъуэщI мурад хэхахэмкIэ къагъэсэбэп щIыхэм хагъэхьэн метр зэбгъузэнатIэ 5000 хъу, 07:08:2500000:806 кадастр номерыр зиIэ, Шэджэм муниципальнэ районым щыщ Щхьэлыкъуэ къуажэм и гъунапкъэм хиубыдэ щIы Iыхьэр.

2. «Мылъкур къэралым итхынымкIэ, кадастрымкIэ, картографиемкIэ Федеральнэ къулыкъущIапIэм и федеральнэ кадастр палатэ» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм чэнджэщ етын ямыгъэIэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

ЩIы Iыхьэр зы лIэужьыгъуэм къыхагъэкIыу нэгъуэщI лIэужьыгъуэм хэгъэхьэным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м Налшык къалэ №137-ПП*

Май муниципальнэ районым щыщ Октябрьскэ къуажэм и щIыналъэ администрацэм 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м №168-м щIэту къитха лъэIум хэплъауэ, Урысей Федерацэм и ЩIы кодексым и 8-нэ статьям, «ЩIыхэр е щIы Iыхьэхэр зы лIэужьыгъуэм къыхагъэкIыу нэгъуэщI лIэужьыгъуэм зэрыхагъэхьэ щIыкIэм и IуэхукIэ» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №171-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIы кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Мэкъумэш щIапIэу къагъэсэбэп щIыхэм къыхагъэкIыу «Этана» полимер къабзэхэр щащI завод» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм къигъэсэбэпыну псыр щахъумэну щIыпIэр щащIын папщIэ промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм пыщIауэ къагъэсэбэп щIыхэм, космическэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ къагъэсэбэп щIыхэм, зыхъумэжыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ къагъэсэбэп щIыхэм, нэгъуэщI мурад хэхахэмкIэ къагъэсэбэп щIыхэм хагъэхьэн метр зэбгъузэнатIэ 406035-рэ хъу, апхуэдэу метр зэбгъузэнатIэ 470 389-рэ хъу, 07:03:1800000:189,07:03 0000000:2945 кадастр номерхэр зиIэ, Май муниципальнэ районым щыщ Октябрьскэ къуажэм и гъунапкъэм хиубыдэ щIы Iыхьэхэр.

2. «Мылъкур къэралым итхынымкIэ, кадастрымкIэ, картографиемкIэ Федеральнэ къулыкъущIапIэм и федеральнэ кадастр палатэ» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм чэнджэщ етын ямыгъэIэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

### ● Ди сурэттехыр Израилым щыIащ



**Иерусалим къалэм и теплъэ.** *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2016 гъэм фокIадэм и 2-м къыдигъэкIа Унафэ №155/4-5-мкIэ къищтащ*

**Кандидатхэм хэхыныгъэмкIэ я фондхэм къагъэхь ахъшэмрэ а ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ яхуэгъэза Iуэхухэр (ХъумапIэ банк акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и IуэхущIапIэхэм къагъэхьа бжыгъэхэм япкъ иткIэ)**

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэр

*2016 гъэм шыщхьэуIум и 31-м ирихьэлIэу (сом мин)*

| №№ | Кандидатым и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр | Псори | КъаIэрыхьа ахъшэр | | | | Ахъшэу къагъэсэбэпар | | | | Ахъшэу ирагъэгъэзэжар | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Псори зэхэту: Абыхэм ящыщу сом мин 50-м щIигъу ахъшэу юридическэ IэнатIэхэм къыхалъхьар — псори, сом мин | Абыхэм ящыщу сом мин 50-м щIигъу ахъшэу юридическэ IэнатIэхэм къыхалъхьар — Юридическэ IэнатIэм зэреджэр | сом мин 20-м щIигъу ахъшэу цIыху щхьэхуэхэм къыхалъхьар — псори, сом мин | сом мин 20-м щIигъу ахъшэу цIыху щхьэхуэхэм къыхалъхьар — цIыхухэм я бжыгъэр | псори | абыхэм ящыщу зэуэ сом мини 100-м щIигъуу къагъэсэбэпар — къыщагъэсэбэпа махуэр | абыхэм ящыщу зэуэ сом мини 100-м щIигъуу къагъэсэбэпар — псори, сом мин | абыхэм ящыщу зэуэ сом мини 100-м щIигъуу къагъэсэбэпар — ахъшэр зытрагъэкIуэдар | псори, сом мин | щIрагъэгъэзэжа щхьэусыгъуэр |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 1. | Джатэ Арсен Хьэчим и къуэр | 3 | | | | | 3 | | | | | |
| 2. | Жанокъуэ Аслъэн Къэралбий и къуэр | 20 | | | | | 7 | | | | | |
| 3. | Жылэ Хьэсэн Руслан и къуэр | 110 | | | | | 97 | | | | | |
| 4. | Османов Родион Кемал и къуэр | 5 | | | | | 5 | | | | | ХэхыныгъэмкIэ фондым и ахъшэр цIыху псоми къыхалъхьахэм ятещIыхьауэ зэрахуэхъукIэ трагуэшэжри хуагъэхьыжащ |
| 5. | Пащты Борис СултIан и къуэр | 348 | | | | | 348 | | | | | |
| 6. | Султановэ Айшат Токболат и пхъур | 14 | | | | | 7 | | | | | |
| 7. | Цумаев Мусэ Мутуш и къуэр | 200 | | | | | 175 | 31.08.2016 | 165 | Хэхыныгъэм и пэ къихуэ агитацэм трагъэкIуэдащ. Тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр (листовкэхэр, плакатхэр, къинэмыщIхэр) трагъадзэри зэбграгъэхащ, аудиовизуальнэ, къинэмыщI информацэ материалхэр ягъэхьэзыращ | | |
| 8. | Шаваев Камал Хьэсэн и къуэр | | | | | | | | | | | |
| 9. | Щхьэгуэш Адэлбий Лулэ и къуэр | 300 | | | | | 159 | 23.08.2016 | 131 | Хэхыныгъэм и пэ къихуэ агитацэм трагъэкIуэдащ. Тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр (листовкэхэр, плакатхэр, къинэмыщIхэр) трагъадзэри зэбграгъэхащ, аудиовизуальнэ, къинэмыщI информацэ материалхэр ягъэхьэзыращ | | |
| | **Псори** | **1000** | | | | **0** | **799** | | **296** | | | |

Политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм хэхыныгъэмкIэ я фондхэм къагъэхь ахъшэмрэ а ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ яхуэгъэза Iуэхухэм ятеухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

*2016 гъэм фокIадэм и 2-м Налшык къалэ №155/5-5*

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къащта Федеральнэ закон №20-ФЗ-м и 74-нэ статьям и Iыхьэ 9-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм хэхыныгъэмкIэ я фондхэм къагъэхь ахъшэмрэ а ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ яхуэгъэза Iуэхухэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрадзэн папщIэ яхуегъэхьын икIи ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Респуб-ликэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

2. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Евтушенкэ С. В.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ**

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2016 гъэм фокIадэм и 2-м къыдигъэкIа Унафэ №155/5-5-кIэм къищтащ*

**Политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм хэхыныгъэмкIэ я фондхэм къагъэхь ахъшэмрэ а ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ яхуэгъэза Iуэхухэр (ХъумапIэ банк акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и IуэхущIапIэхэм къагъэхьа бжыгъэхэм япкъ иткIэ)**

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэр

*2016 гъэм шыщхьэуIум и 31-м ирихьэлIэу (сом мин)*

| №№ | Политикэ партым и щIыналъэ къудамэм зэреджэр | Псори | КъаIэрыхьа ахъшэр | | | | Ахъшэу къагъэсэбэпар | | | | Ахъшэу ирагъэгъэзэжар | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Псори зэхэту: Абыхэм ящыщу сом мин 50-м щIигъу ахъшэу юридическэ IэнатIэхэм къыхалъхьар — псори, сом мин | Абыхэм ящыщу сом мин 50-м щIигъу ахъшэу юридическэ IэнатIэхэм къыхалъхьар — Юридическэ IэнатIэм зэреджэр | сом мин 20-м щIигъу ахъшэу цIыху щхьэхуэхэм къыхалъхьар — псори, сом мин | сом мин 20-м щIигъу ахъшэу цIыху щхьэхуэхэм къыхалъхьар — цIыхухэм я бжыгъэр | псори | абыхэм ящыщу зэуэ сом мини 100-м щIигъуу къагъэсэбэпар — къыщагъэсэбэпа махуэр | абыхэм ящыщу зэуэ сом мини 100-м щIигъуу къагъэсэбэпар — псори, сом мин | абыхэм ящыщу зэуэ сом мини 100-м щIигъуу къагъэсэбэпар — ахъшэр зытрагъэкIуэдар | псори, сом мин | щIрагъэгъэзэжа щхьэусыгъуэр |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 1. | «Урысей Федерацэм и коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэ | | | | | | | 18.08.2016 | 184 | Тхыгъэхэр тедзэнымрэ зэбгрегъэхынымрэ | | |
| | | | | | | | | 18.08.2016 | 141 | Тхыгъэхэр тедзэнымрэ зэбгрегъэхынымрэ | | |
| | Псори зэхэту «Урысей Федерацэм и коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм | 1081 | | | | | 1035 | | 325 | | | |
| 2. | «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ | | 200 | «Агро-Ком» ООО ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэ №8631, Налшык къалэ (Къэбэрдей-Балъкъэр ОСБ №8631, Налшык къалэ) | 401 | 9 | | 31.08.2016 | 5301 | Хэхыныгъэм ипэ къихуэ зэхыхьэхэр егъэкIуэкIыныр | 680 | Зи реквизитхэр ирикъуу къызымыгъэлъэгъуа юридическэ IэнатIэм хуагъэхьыжащ |
| | | | 100 | «Тэрчналмэс» ОАО ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэ №8631, Налшык къалэ (Къэбэрдей-Балъкъэр ОСБ №8631, Налшык къалэ) | | | | 31.08.2016 | 1674 | Хэхыныгъэм ипэ къихуэ зэхыхьэхэр егъэкIуэкIыныр | 230 | ЩIыуагъэкIэ къэкIуа ахъшэм ирагъэгъэзэжащ |
| | | | 200 | «Велес-Агро». ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэ №8631/06, Прохладнэ къалэ | | | | 18.08.2016 | 1425 | Тхыгъэхэр тедзэнымрэ зэбгрегъэхынымрэ | 50 | Ахъшэр бюджетым и хэхъуэм халъхьащ |
| | | | 100 | «ЩхъуантIагъэхэмкIэ компание» ООО | | | | 19.08.2016 | 291 | Тхыгъэхэр тедзэнымрэ зэбгрегъэхынымрэ | | |
| | | | 100 | «Кенжэ» ООО | | | | | | | | |
| | | | 100 | «Кровля сервис» ООО | | | | | | | | |
| | | | 100 | «Кровля сервис» ООО | | | | | | | | |
| | | | 100 | «Риал» ООО | | | | | | | | |
| | | | 200 | «Риал-Агро» ООО | | | | | | | | |
| | | | 100 | «Дружба» ООО | | | | | | | | |
| | | | 100 | «ААА» фирмэ ООО | | | | | | | | |
| | | | 200 | «Элеватор» ООО | - | | | | | | | |
| | | | 100 | «Эвелина» ООО | - | | | | | | | |
| | | | 91 | «Къэббалъкъместпром» ООО | | | | | | | | |
| | | | 160 | «Стройводтехмонтаж» ООО | | | | | | | | |
| | | | 70 | «НДСМ» ООО | | | | | | | | |
| | | | 51 | «Аква-Алтуд» ООО | | | | | | | | |
| | | | 100 | «Прохладнэ РБС» ОАО | | | | | | | | |
| | | | 100 | «Тринада» ООО | | | | | | | | |
| | | | 100 | «Эталон-М» ООО | | | | | | | | |
| | | | 100 | «Албир» СПРК | | | | | | | | |
| | | | 60 | «Шэджэм» цIыхубэ предприятэ» ООО | | | | | | | | |
| | Псори зэхэту «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къаIэрыхьа ахъшэр | 16511 | 2532 | | 401 | | 9678 | | 8691 | | 960 | |
| 3. | «Урысейм и патриотхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ | 53 | | | | | 53 | | | | | |
| 4. | «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр | | | | 7495 | 10 | | 23.08.2016 | 846 | Тхыгъэхэр тедзэнымрэ зэбгрегъэхынымрэ | 2500 | Къигъэхь хъуну ахъшэ бжыгъэм щIигъур къэзыутIыпща цIыхум хуагъэхьыжащ |
| | | | | | | | | 30.08.2016 | 706 | Тхыгъэхэр тедзэнымрэ зэбгрегъэхынымрэ | | |
| | | | | | | | | 22.08.2016 | 650 | Тхыгъэхэр тедзэнымрэ зэбгрегъэхынымрэ | | |
| | | | | | | | | 24.08.2016 | 525 | Тхыгъэхэр тедзэнымрэ зэбгрегъэхынымрэ | | |
| | | | | | | | | 29.08.2016 | 368 | Тхыгъэхэр тедзэнымрэ зэбгрегъэхынымрэ | | |
| | | | | | | | | 29.08.2016 | 194 | Тхыгъэхэр тедзэнымрэ зэбгрегъэхынымрэ | | |
| | | | | | | | | 26.08.2016 | 170 | Тхыгъэхэр тедзэнымрэ зэбгрегъэхынымрэ | | |
| | | | | | | | | 24.08.2016 | 158 | Тхыгъэхэр тедзэнымрэ зэбгрегъэхынымрэ | | |
| | Псори зэхэту «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр | 7495 | | | 7495 | | 4675 | | 3615 | | 2500 | |
| | **Псори** | **25140** | **2532** | | **7896** | **19** | **15441** | | **12631** | | **3460** | |

● ФокІадэм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ

# Литературэм и лІыхъусэжь

**Тхэн ІэщІагъэр пасэу къыхэзыха, абы хуэпэжу зи гъащІэ псор зыхьа Теунэ Хьэчим псэуху ешрэ увыІэрэ имыІэу и лъэпкъым хуэлэжьащ, къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм, ар ехъулІэныгъэ телъыджэхэм хуэзышахэм ящыщ зыуэ щытащ.**

ЯПЭ ЛЪЭБАКЪУЭХЭР 20-30 гъэхэм зычу щІэзыдза къэбэрдей литературэм и жанрхэм ящыщу нэхъ зыужьыныгъэ зыгъуэтыр усыгъэрт. Литературэр зыхуэныкъуэ адрей жанрхэми заузэщІын папщІэ тхакІуэхэр зэзышэлІэн, зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу зэдэзыгъэлэжьэн, сыт и лъэныкъуэкІи абыхэм закъыщІэзыгъэкъуэн ІуэхущІапІэ щыІэн хуейт. Абыхэм я мыхьэнэр къызыгурыІуа Теунэр яужь йохьэ къэбэрдей, балъкъэр тхакІуэхэм я ассоциацэ е союз къызэригъэпэщыну. Илъэс 19 фІэкІа зи мыныбжь еджакІуэм 1931 гъэм «Революция и горец» журналым тхыгъэ егъэхь, «Къэбэрдей литературэм гулъытэ нэхъыбэ хуэщІын» фІэщыгъэцІэр иІэу икІи а илъэс дыдэм абы къытохуэ.

Щеджэ зэманхэм ІэщІагъэ хуэхъуа журналист лэжьыгъэм Теунэ Хьэчим сыт щыгъуи гурэ псэкІэ бгъэдэтащ, абы газетхэм щилэжьар нобэр къыздэсым нэсу зэхэгъэкІа мыхъуами. Ди зэманым къэсыху дэ дызыщыгъуазэу щытар очеркитІрэ «Аслъэн» повестымрэщ. Ауэ и архивым хэлъ тхыгъэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, зауэм ипэ зэманхэм очерк, статья, зарисовкэ жыпІэми, абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ тхыгъэ щэ ныкъуэм щІигъу. Абыхэм ятепщІыхьмэ, тебгъэчыныхь хъунущ къэбэрдей журналистикэми и къызэгъэпэщакІуэу Теунэр зэрыщытам, а лъэныкъуэм и гугъу зыми имыщІа щхьэкІэ, хэлъхьэныгъэ ин дыдэ абы зэрыхуищІам. Абыхэм мыри щІыгъупхъэщ: фІыуэ ищІэ адыгэбзэми урысыбзэми ар хуэІэрыхуэу ирилажьэрт. Лъэпкъ журналистикэм Теунэм хуищІар зыщылъагъупхъэр и тхыгъэхэм я закъуэкъым, - абы къызэригъэпэщауэ щытащ урысыбзэкІэ къыдэкІ «Баксанстрой», «На боевом участке» газетхэр. ИужькІэ «Молодой сталинец» газетым и редактор нэхъыщхьэуи лэжьащ. А псоми къадэкІуэу, ар илъэс нэблагъэкІэ «Комсомольская правда» газетым и корреспондентуи щытащ, зауэ нэужь лъэхъэнэхэм «Известия»-ми илъэс зыкъомкІэ дэлэжьащ.

Махуэ къэс зыбгъэдэт журналист лэжьыгъэм къыдэкІуэу, Теунэм а зэманым художественнэ тхыгъэхэми зрипщыту щІедзэ. Абы 1939 гъэм итха «Аслъэн» повестыр тхакІуэм и япэ тхыгъэу къэтлъытэу къекІуэкІми, и архивым къыхэна Іэрытххэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, 1939 гъэм ар елэжьащ «Зэныбжьэгъуныгъэ» романымрэ нэгъуэщІ рассказ зытІущрэ. Ахэр и кІэм щІыхунэмыгъэсам и щхьэусыгъуэр, зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкІэ, пцІы къытралъхьэу зэрагъэтІысамрэ комсомолым къыхадзу зыкъомрэ зэрыхамыгъэхьэжамрэщ. Журналистикэм илъэс куэдкІэ зэрыщылэжьам, гъащІэм куууэ щыгъуазэ зэрызыхуищІам, и зэхэщІыкІ-гупсысэхэр зэрызэтеувам, художественнэ Іэзагъ зэрызригъэгъуэтам и фІыгъэу къыщІэкІынщ тхакІуэм и япэ повестыр дэгъуэу къыщІехъулІар. Абы тетхыхьа псоми зэдэарэзыуэ зэрыжаІэмкІэ, «Аслъэн» повестыр къэбэрдей прозэм и хэлъхьэныгъэ гъуэзэджэщ, и къежьапІэ хъуахэм ящыщ зыщ.


Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ Теунэ Хьэчим.

АдэкІэ Теунэм и Іэдакъэм къыщІэкІахэм я гугъу пщІымэ, абы и «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» роман цІэрыІуэм литературэмкІэ КъБР-м и Къэрал саугъэтыр хуагъэфэщащ, критик цІэрыІуэ Іэджэм псалъэ гуапэ куэд хужаІащ.

И япэрей тхыгъэхэмкІи иужькІэ и Іэдакъэ къыщІэкІахэмкІи тхакІуэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуищІыр ди лъэпкъым и цІыхухэрщ, абыхэм я зэхэщІыкІ-гупсысэкІэр зэрефІакІуэрщ, я дуней еплъыкІэм зэхъуэкІыныгъэ игъуэтхэрщ. ГъащІэщІэм и лъэхъэнэхэм сыт хуэдиз гугъуехь ахэр Іууэми, хэпщІыкІыу совет цІыхум зэрызихъуэжыр, щІэныгъэ куу, ІэщІагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрызригъэгъуэтыр, зыужьыныгъэм и гъуэгу хуитым ар зэрытеувар Теунэм къыщигъэлъэгъуащ «Псэм и ІэфІыр къыуатмэ», «Дыщэ кІанэхэр» романхэми.

Зи лъэпкъым и зыужьыныгъэр зи хъуэпсапІэ, дэтхэнэ и зы текІуэныгъэ мащІэри зи гуапэ, и щхьэкІэ къеуэлІауэ фІэкІ къызыщымыхъу Теунэ Хьэчим илъэс щэ ныкъуэм нэблагъэкІэ къэбэрдей литературэм хуэлэжьащ. Зи лъэпкъ тхыдэм, ІуэрыІуатэм, литературэм фІыуэ щыгъуазэ, кууэ хэзыщІыкІ тхакІуэм къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр иригъэкІуэкІащ. ИлъэсиплІ нэблагъэ зытригъэкІуэда «Къэбэрдей литературэмрэ къэбэрдей тхакІуэхэмрэ» лэжьыгъэ гъуэзэджэм, а зэманым тепщІыхьмэ, пхужымыІэным хуэдизу мыхьэнэшхуэ иІащ. Ар къэбэрдей литературэхутэм и къежьапІэщ, и хэлъхьэныгъэ хьэлэмэтщ.

Зыкъомым яІэщІэгъупщыкІыжа щхьэкІэ, и зэмани и гугъуехьи емыблэжу Теунэ Хьэчим псэуху ди тхакІуэусакІуэ куэдым ядэлэжьащ. Къэбэрдей литературэм щылэжьауэ, КІыщокъуэ Алим деж къыщыщІэдзауэ Бещтокъуэ ХьэбаскІэ иухыжу, Хьэчим чэнджэщ Іущ зримыта, зи тхыгъэ щІэмыджыкІа ди тхакІуэхэм яхэткъым. А цІыху акъылыфІэм занщІэу къиухутэфырт зэчий зыбгъэдэлъхэр, апхуэдэхэр и деж иригъэблагъэрт, и ехъулІэныгъэ-ныкъусаныгъэхэр иригъэлъагъужырт.

Теунэм и тхыгъэхэр псори урысыбзэкІэ къыдэкІащ, зырызу къэдмыбжэкІми, абы и ІэдакъэщІэкІхэр хамэ къэралыбзэ ІэджэкІи зэрадзэкІащ. Абыхэм я фІыгъэкІэ къэралыгъуэ куэдым ди лъэпкъыр, ди тхыдэр, ди гъащІэр, ди хабзэр къыщацІыхуащ, къэбэрдей литературэр дунейпсо утыкум ихьащ. Къулыкъу зыІутым, езым и гуапагъым, гъэсэныгъэ лъагэ хэлъым, и псэлъэкІэ щабэ къудейм я фІыгъэкІэ Теунэ Хьэчим урысей, нэгъуэщІ лъэпкъ тхакІуэ, усакІуэ, критик цІэрыІуэхэм ящыщу ныбжьэгъу куэд иІащ, нэхъ гъунэгъуу абы къыбгъэдэтахэм ящыщщ КІэрашэ Тембот, Джусойты Нафи, Гамзатов Расул, Липкин Семён, Либединский Юрий, Гоффеншефер Вениамин, Андроников Ираклий сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми псалъэ гуапэ къыхужиІащ Теунэм.

Къэтхынщ урыс зэдзэкІакІуэ цІэрыІуэ Липкин Семён и зы письмо: «Си дежкІэ уэ литературэм и лІыхъусэжьу (рыцару) укъонэ, уи лъэпкъыр Кавказым и лІыхъусэжьу зэрыщытам ещхьу. Сэ уэ пщІэшхуэ пхузощІ, илъэс 24-рэ и пэкІэ къэбэрдей усыгъэм и псынащхьэм сызэрепшэлІам щхьэкІэ. А псынэ къабзэм сэ сефащ икІи къызгурыІуащ мыгъущыжын фалъэм сызэрыхэІубар. Си псэм хуэдэу фІыуэ слъагъу Хьэчим, си гуапэщ зэчий уэ убгъэдэлъым ехъулІэныгъэ телъыджэхэр къыпхуихьыну, насып, узыншагъэ, гъащІэ кІыхь уиІэну».

Зи лъэпкъым еш имыІэу хуэлэжьа Теунэ Хьэчим ищІар, хузэфІэкІар псыхэкІуадэ хъуакъым, ар къызыхэкІа лъэпкъым къыхуэнащ. Абы и гуащІэдэкІ хьэлэлыр къэралым гулъытэншэу къигъэнакъым. Мамырыгъэр зыгъэбыдэ лэжьыгъэ ин иригъэкІуэкІар къалъытэри, медалу иІэхэм нэмыщІ, Теунэм къратащ ордениплІ, и творчествэ купщІафІэм папщІэ къыфІащащ «КъБАССР-м и цІыхубэ тхакІуэ» цІэ лъапІэр, ар литературэмкІэ КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреатщ.

**ХЬЭКІУАЩЭ Андрей,**
*филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор.*

● Шэрэдж щІыналъэ

## ЩІыуэпсыр яхъумэ

**ЩІыуэпс къабзагъэм теухуауэ Шэрэдж щІына- лъэм щекІуэкІа щэбэт щІыхьэхум жыджэру хэтащ жылагъуэ администрацэхэм, ІуэхущІапІэхэм, еджапІэхэм къабгъэдэкІауэ цІыху 1500-м нэс.**

ЛЭЖЬЫГЪЭ нэхъыбэ абыхэм къыщрахьэлІащ псы Іуфэхэмрэ зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэмрэ: жыгхэр ягъэкъэбзащ, кІэрыхубжьэрыхухэр зэщІакъуэри дашащ.

А махуэ дыдэм курыт еджапІэхэм щрагъэкІуэкІащ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ экологиемрэ къыдэкІуэтей щІэблэм хуащІын хуейгулъытэр зи лъабжьэ дерс зэІухахэр.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

**Мы хъыбарыр къэзыІуэтэжар си гуащэм и анэ Вэрыкъуэ Хулэщ. Ди жылэм и къекІуэкІыкІам, абы дэсахэм ятеухуа хъыбар гъэщІэгъуэн куэд ищІэу, акъыл жан иІэу дунейм тетащ а цІыхубзыр.**

# Унэидзыхьэ

*Къэхъуа Іуэху*

ХУЛЭ и щхьэгъусэ Вэрыкъуэ Хьэтмызэ къэзымыцІыху Псыгуэнсу дэстэкъым. ЦІыху хьэлэлт, хьэуэжьыуэт, Хулэ хуэдэу хъыбар куэд ищІэрт. Уеблэмэ тхьэрыІуэкІэ абы Мысостейм (Аруан ) къафІихьыжауэ ягъэхъыбарырт лъэныкъуитІми езым яйуэ ябж щІыр - къуажитІ зэхуакум дэлъ ныджэр. Хулэ и шыпхъу нэхъыщІэр Борыкъуей щашэм Хьэтмызи яхэтащ нэчыхьытх ежьахэм. Іэнэм здыпэрысым цІыхугъэ хуэхъуащ здэкІуа къуажэм щыщ зылІ. Я псэукІэ, я Іуэху зытет сытхэмкІэ щызэщІэупщІэм, а тІур зэгурыІуащ гъавэкІэ зэхъуэжэну. Хьэтмызэ щхьэл иІэт Шэрэдж псыхъуэ дэту, зыхуей зыгъуэту псэухэм ящыщт.

Зэман дэкІри, зэрызэгурыІуам тету, гъавэ гулъэ къишэри Хьэтмызэ деж хъуэжакІуэ къэкІуащ нэчыхьытхым нэІуасэ щыхуэхъуа лІыр. Абы щІыгъут зи щІалэгъуэ и шынэхъыщІэр. Шыгум илъ нартыхур яунэщІри, хьэщІитІыр щхьэлым щІыхьа къудейуэ, пщІантІэм къыдыхьащ зы хъыджэбз. Абы иригъэхьэжыну нартыху пэгунышхуитІ пхъэхьэкІэ къихьат. Борыкъуей къикІа щІалитІым я нэхъыщІэм ар къилъагъури, жиІащ:

- Уэлей, Хьэтмызэ, хъыджэбз хьэщІэ къыпхуэкІуам.

- НтІэ, ар хъарзынэкъэ, уэлэхьи, игъуэ дыдэу къыдыхьам, дэри щІалэ хьэщІэ диІэщ. КІуэ, щІалэфІ, къыхущІыхьэ абы и пэгунитІыр.

ХьэщІэ щІалэр щІэкІри, зэ ІуплъэгъуэкІэ хъыджэбзыр игу ирихьащ. Набдзэ къурашэт, и щхьэцышхуитІыр и шхужьым фІэкІырт, кІуэаракъэ, хэбдзын щымыІэу, и нэкІукІи и ІэпкълъэпкъкІи зэкІужт.

- НакІуэ, ныщІыхьэ, хъыджэбз дахэ, - жиІащ щІалэм. - Уэ Хьэтмызэ ухуейуэ ара хъунщ.

- Хьэуэ, - идакъым пщащэм, - сыныщІыхьэнкъым, си нартыхум сыкъыщыкІэлъыкІуэнур сщІамэ арат.

Нэхъ пщыхьэщхьэу къыкІэлъыгъуэзэну къыщыжраІэм, хъыджэбзым дигъэзыкІыжащ псыхъуэм.

Джылахъстэней къикІаитІыр Хьэтмызэ игъэхьэщІэу здэщысым, щІалэ нэхъыщІэр, и шынэхъыжьым дежкІэ еплъэкІри, тІэкІуи укІытэу еупщІащ бысымым:

- Хэтхэ ящыщ а хъыджэбзыр? ИкъукІэ цІыхубз гъэса хуэдэщ, щэныфІэщ.

Хьэтмызэ къыпыгуфІыкІри абы жэуап иритыжащ:

- Уэлей, ди пхъум - Вэрыкъуэхэ я хъыджэбзщ. Нэсри къэсыжауэ цІыхубз гъэсам. И адэ-анэри Іэсэлъасэщ. Тхьэ сыгъыІэ, а цІыкІур хэт ишэми, ехъулІамэ.

А псалъэмакъым адэкІэ къыпащакъым. ХьэщІэхэм я Іуэху зэфІэкІа нэужь, гъуэгу теувэжахэщ. Мазэ зы-тІу нэхъ дэмыкІыу, аргуэру зэкъуэшитІым къытрагъэзащ Хьэтмызэ деж, гъавэ къашэри. Ауэ абыхэм я мурад нэхъыщхьэр хъыджэбзым щІэупщІэнырт. Ефэ-ешхэу Іэнэм здыпэрысым, зэшитІым я нэхъыжьым жиІащ:

- Хьэтмызэ, а зэ къыдыхьа уи унэкъуэщ хъыджэбзыр дигу ирихьащ. Псом хуэмыдэу си шынэхъыщІэм. Апхуэдэ нысэ сиІамэ, зытезгъэгусэнутэкъым. КхъыІэ, хъунумэ, зыгуэрурэ дегъэпсалъэ.

- А зи гугъу пщІыр ТІакІухуэщ, - жиІащ Хьэтмызэ, - си фІэщ хъуркъым иджыпсту апхуэдэ Іуэху ар хэтыну, и адэ-анэри акъылэгъу къывдэхъуну. ТІэкІу щІалэІуэщ. ИтІанэ ди зы гъунэгъу щІалэ ерыщу иужь къитщ, Мызхэ ейуэ, ЛакІу жари. Абыи дэкІуэн идэркъым. Ауэ ... фезгъэпсэлъэнщ, феплъ.

Зы гъунэгъу щІалэ хьэщІэм гъусэ хуищІри игъэкІуащ и унэкъуэщ хъыджэбзым деж. «Хьэтмызэ къоджэ» щыжраІэм, къэщтауэ хъыджэбзыр къыдэкІащ пщІантІэм. Я куэбжэпэм пэмыжыжьэу щыт щІалэр къиуцІыхужащ ТІакІухуэ. Ар Хьэтмызэ и деж щилъэгъуат мазэ зы-тІу ипэкІэ. ЗыкъригъэщІакъым, армыхъумэ мо щІалэ дахэр игу ирихьат пщащэм. Илъагъуну хуейуэ къызэрыкІуар къыщыжриІэм, ТІакІухуэ абы зыри пимыдзыжу дыхьэжащ и пщІантІэ.

Куэд димыгъэкІыу аргуэру Борыкъуей щІалэр къэкІуащ Вэрыкъуэхэ я деж. Къыдригъэшри, епсэлъащ, къимыгъэщІэхъуну елъэІуащ. Ауэ ТІакІухуэ «хъуни мыхъуни» жиІэртэкъым. Апхуэдэурэ щІалэр къызэкІэлъыкІуащ мазитхукІэ. Иужьым, сытми, къытригъэхьэри пІалъэ зратащ. ЩІалэр Хьэтмызэ деж еблагъэри, Іуэхур зытетыр жриІащ: «Пщэдей пщыхьэщхьэ сыкъэкІуэнурэ, унэидзыхьэу схьынущ уи унэкъуэщ хъыджэбзыр».

ЩІалэ хьэщІэр и гъуэгу теувэжа нэужь, Хьэтмызэ цырибон стэчан игъэщІейщ, тегушхуэри кІуащ ТІакІухуэ и адэм деж. «Іуэхур зытетыр мыращ, Алыхьым иухати зэхуэзащ, зэгуэкІуащ, зэгурыІуахэщ, пщэдей жэщ яхьынущ, си зэран хэлъкъым», - жриІащ абы. АрщхьэкІэ хъыджэбзым и адэм идакъым:

- А жыхуэпІэр хъункІэ Іэмал зимыІэщ. Борыкъуей жыжьэІуэщ. Іэмал имыІэми, а и ужь къиту жыхуаІэ щІалэр, Мызхэ ЛакІу, нэхъыфІщ. Гъунэгъущ, Іуэху диІэ сытми дызэпэІэбэфынущ. Хьэтмызэ, ди дзыхь удогъэз, ЛакІу къэгъуэти Іуэхур зытетыр гурыгъаІуэ.

Хьэтмызэ кІуэуэ ар ЛакІу щыжриІэм, модрейри зыхуеихэр арати, жэщ зэрыхъуу и ныбжьэгъу щІалитІ щІыгъуу Іухьащ ТІакІухуэхэ я унэ. «Хьэтмызэ къоджэ» къыщыжраІэм, Борыкъуей щІалэр унэидзыхьэ къэкІуа фІэщІри, къыщІэкІащ. КъызэрыщІэкІыу щІакІуэр традзэщ, шыгум ирагъэтІысхьэри Мызхэ яхьащ.

«Фи пхъур тхьащ», - жаІэу ТІакІухуэ и адэ-анэм хъыбар щрагъащІэм, Хьэтмызэ и пщэ иралъхьэри кІуащ я унэкъуэщыр здашам. ТІакІухуэ дей щІыхьэри: «Ущымыуэ, си хъыджэбз, Борыкъуейр жыжьэщ, ущІегъуэжынщ, мы укъыздашар нэхъыфІщ, укІуэжын лъэпкъ Іуэхум къыхомыгъэкІ», - щыжриІэм, хъыджэбзыр гъуэга мыхъумэ, зыри къыпидзыжаІакъым. А зэманым, колхозхэр къэунэхун ипэщ ар зыхуэзэр, хъыджэбзыр яхьамэ къыщІэкІыжу хабзэтэкъым, емыкІушхуэу ябжырт.

ЕтІуанэ пщыхьэщхьэм Борыкъуей щІалэр къэкІуат Вэрыкъуэхэ, ауэ «укъыкІэрыхуащ, ар дыгъуэпшыхь яхьащ» къыщыжраІэм, сыт ищІэнт, и щхьэр къыфІэхуауэ игъэкІэрэхъуэжащ.

Борыкъуей дэс Хьэтмызэ и малъхъэгъум къызэрыхуиІуэтэжамкІэ, фІыуэ илъэгъуа хъыджэбзыр зэрыІэщІахар щІалэм гущІыхьэ щыхъури, щІагъуэу яхуэмышхэу, зэманыфІкІэ а къращІам ирисымэджащ. ЩІэхи къахуишакъым.

Абы иужькІэ илъэс зыбгъупщІ дэкІащ. ЛакІурэ ТІакІухуэрэ бынищ зэдагъуэтауэ, я гъунэгъум нысэ къашауэ я хьэгъуэлІыгъуэти, зэщхьэгъусэхэр кІуащ. ГуфІэгъуэр зейм я нысэр Тэрч адрыщІ кърашат. Нэчыхьытхыр къыщрагъэблагъэм, ТІакІухуэ къиуцІыхужащ зэгуэр къылъыхъуауэ щыта Джылахъстэней щІалэр - екІууи хуэпауэ, и бжьыфІагъкІи адрейхэм къахэлыдыкІыу апхуэдэт. Абы щыІуплъэм, ТІакІухуэ и гулъащІэм гурыщІэ ІэфІхэр къыщыушащ. АрщхьэкІэ сыт? Зыми зыкъригъэщІакъым.

ХьэгъуэлІыгъуэр и кІэм нэблэгъауэ, хьэщІэхэр ирагъэжьэжыну бжэІупэ джэгу щащІым, Борыкъуей щІалэми къиуцІыхужащ зэгуэр фІыуэ илъэгъуауэ щыта бзылъхугъэр. КъиуцІыхужри утыкум къихьащ, абдежым щытхэм зэхахыу: «Уэлей, зэ зызмыгъэкІэрахъуауэ сымыкІуэжын мыбы нэс сыкъыщыкІуакІэ», жиІэри. Утыкум къихьэри, ТІакІухуэ гъунэгъу зыхуищІащ «къыздэфэ» жыхуиІэу. А лъэхъэнэм нысащІэхэр утыку къихьэу къафэ хабзэтэкъым, ауэ хьэщІэ щІалэм и жагъуэ имыщІын щхьэкІэ е зэгуэр иужь къызэритар текІуа, сытми, ТІакІухуэ къыдэкІащ. Абы и лІыр адэкІэ уэршэру щытт. «Уи щхьэгъусэр дахэу къофэ, ЛакІу», - щыжраІэм, джэгур щекІуэкІым гъунэгъу зыкъыхуищІри, лІым: «Ей, зытумыгъакІуэ Тэрч къикІа щІалэр, хъурейуэ къэфыхь», - жиІэри тригъэгушхуащ. ТІакІухуэ, утыкум здитым: «Уэ сыт мыгъуэкІэ сыкъапщІэрэ, ЛакІу», - хужиІэжырт и щхьэм ...

Махуэ зыщыплІ дэкІауэ, ЛакІу и щхьэгъусэм еупщІащ:

- Ей, а Тэрч щІалэжьым укъыщыдэфэм «уэ сыт мыгъуэкІэ сыкъапщІэрэ, ЛакІу» щІыжыпІар сыт? Ар гъунэгъуу щытахэми зэхахащ.

ТІэкІухуэ тегушхуэри пэжыр жиІащ:

- Тхьэ, уэри ущыгъуазэу си гугъэм а Іуэхум. А щІалэм сихьыну дызэгурыІуауэ, Хьэтмызэ сыкъигъапцІэри, уэ сыкъуитауэ зэрыщытар пщІэжыркъэ?

ЛакІу къыщылъэтри, къэгубжьауэ, унэ кІуэцІыр къызэхикІухьу щІидзащ:

- Асыхьэтым абы укъыщІыдэфар къызгурыІуакъым, армыхъумэ, уэлэхьи, зы фочышэкІэ тІуми сабэр къыфхезгъэхынтэмэ!

И фызым къыжриІар щхьэжэ щыхъури, ЛакІу абы тхьэмахуэкІэ къепсэлъакъым. Иужьым ТІэкІухуэ и щхьэгъусэм бгъэдыхьэри, щабэу жриІащ:

- КхъыІэ, а уи щытыкІэ делагъэхэр къэгъанэ. Ар зы зэманти фІэкІащ, къэгъазэ имыІэу. Дыгъэм хуэдэу бинищ диІэщ, ахэр зэрытпІыжыным иужь дигъэт.

ЛакІуи, и щхьэгъусэм нэмыплъ щІритын щхьэусыгъуэ зэрыщымыІэр къыгурыІуэжри, фІы зыкъришэжащ.

**КЪАРДЭНГЪУЩІ Тосэ.**
*Псыгуэнсу къуажэ*

● Бахъсэн щІыналъэ

## И зэфІэкІым хегъахъуэ

**Хамэ къэрал продукцэхэм я пІэм иувэн гъэхьэзырыным зи зэфІэкІ псори езыхьэлІэхэм ящыщ зыщ Бахъсэн къалэм дэт «Автозапчасть» заводыр.**

АВТОМАШИНЭХЭМ пкъралъхьэ глушитель пкъыгъуэхэр къыщыщІагъэкІ мы заводым и зэфІэкІ псори ирехьэлІэ фІагърэ быдагърэ зыбгъэдэлъ и Іэмэпсымэхэм урысейпсо гулъытэ ягъэгъуэтыным.

Иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ зэпэщу узэда цеххэр нэхущ, хуитщ. Глушителхэр къызыхащІыкІ гъущІ лантІэ пІащІэхэр, ягъэхьэзырыну Іэмэпсымэм и щапхъэм тещІыхьауэ, щабз линэхэр станок нэхъыфІхэмкІэ къызэгъэпэщащ.

Мы зэманым ирихьэлІэу заводым сом мелуани 160-м и уасэ продукцэ къыщІигъэкІыну хунэсащ. Ар илъэс блэкІам ягъэхьэзырам елъытауэ проценти 170-кІэ нэхъыбэщ. Мы зэманым «Автозапчасть»-р ядолажьэ къэралым и машинэухуэ предприятэ нэхъ инхэм. И глушителхэр ди къэралым и мызакъуэу, СНГ-м хыхьэ щІыналъэхэми ялъо- Іэс.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Къэбэрдей уэрам


Налшык и Къэбэрдей уэрамым КъБР-м и илъэс 95-р щагъэлъапІэ профессор КъуэщІысокъуэ Александр, жылагъуэ лэжьакІуэ ЩоджэнцІыкІу Леонид, тхакІуэ МэшбащІэ Исхьэкъ, щІэныгъэлІ Хъуажь Фахъри, журналист ХьэфІыцІэ Мухьэмэд сымэ. *2016 гъэ, фокІадэм и 1*

● КъБР-м и прокуратурэм

## Щхьэхуэу лэжьыпхъэхэр щагъэбелджылы

**КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур иригъэкІуэкІа зэІущІэм щызэхалъхьэжащ республикэм СледствэмкІэ и ІуэхущІапІэм и лэжьыгъэм кІэлъыплъ и къудамэм мы гъэм и япэ мазихым зэфІигъэкІахэр.**

КЪЫЗЭРАГЪЭЛЪЭГЪУАМКІЭ, зи гугъу тщІы зэманым къриубыдэу Следствэм и ІэнатІэхэм щІэпхъаджагъэ 2696-рэ щатхащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 15,5-кІэ нэхъ мащІэщ. Абыхэм хэплъэри, уголовнэ Іуэхуу 230-рэ къызэІуахащ. А бжыгъэри илъэс кІуам и япэ мазихым елъытауэ процент 35,7-кІэ нэхъ мащІэщ. КІэухыу зыхэплъэ уголовнэ Іуэхухэм проценти 7,6-кІэ кІэрыхуащ.

Абы къыдэкІуэу, уголовнэ Іуэхухэм ящыщ куэдыр и пІалъэм зэхагъэкІыркъым - я процент 34,9-р УФ-м и УПК-м щыгъэува мардэм къитІасэркъым. КъищынэмыщІауэ, уголовнэ Іуэху щхьэхуэхэмрэ процессуальнэ къэпщытэныгъэхэм я тхылъхэмрэ и чэзум хэплъэркъым, мызэ-мытІэу я щыщІэныгъэхэр ирагъэлъагъужами, следствэм и ІэнатІэхэм я унафэщІхэр ахэр гъэзэкІуэжыным егугъуркъым, ардыдэмкІи УФ-м и УПК-м и 6.1-нэ статьям къигъэувхэр къызэпауд.

КъБР-м СледствэмкІэ и ІуэхущІапІэм и лэжьыгъэмкІэ мыарэзыуэ прокуратурэм зыхуэзыгъазэхэм я бжыгъэм процент 56,2-кІэ хэхъуащ. Следователхэм я унафэхэмкІэ мырэзыуэ цІыхухэм къата тхылъ 20 республикэм и судхэм щызэхагъэкІати, тхьэусыхафэ 13-р пэжу къалъытащ.

Къэралымрэ цІыхухэмрэ ягъуэта хэщІыныгъэхэр къуаншэхэм егъэпшыныжыным следователхэмрэ къэзылъыхъуэ ІэнатІэхэмрэ егугъуркъым. Мазихым къриубыдэу ирагъэтыжар сом мелуани 2,7-рэщ е япшыныжын хуейм и проценти 7,1-рэщ.

ЦІыхухэр лажьэншэу зэхэзехуэн ящІ къызэрыхъур, щхьэхуэу зэхагъэкІыжын папщІэ, апхуэдэ уголовнэ Іуэхухэм зэрырагъэзэжыр, языныкъуэ прокурорхэр абы зэрытеплъэкъукІыр зэІущІэм къыщыхагъэщащ.

КъБР-м СледствэмкІэ и управленэм и лэжьыгъэм щыкІэлъыплъым, законым къемызэгъ ныкъусаныгъэу 1532-рэ къахутащ. Абыхэм ящыщу 1270-р е я процент 82,9-р щІэпхъаджагъэхэм ехьэлІа хъыбархэр зэрыІахым, зэратхым, 262-р - зэрызэхагъэкІым теухуащ. Следователхэм нэхъыбэу яІэщІэкІ щыуагъэхэм ящыщщ уголовнэ Іуэхухэм зэрыхэплъэн хуей пІалъэм къызэримытІасэр, ахэр къызэІуахыну зымыдэ унафэ къызэращтэр, уголовнэ Іуэхур зэрагъэтІылъыжыр икІи къызэрызэтрагъэувыІэр.

КъыщІагъэща ныкъусаныгъэхэр ирырагъэзэкІуэжын папщІэ, республикэм СледствэмкІэ и управленэм, следствэмкІэ щІыналъэ къудамэхэм я унафэщІхэм я цІэкІэ тхылъи 120-рэ ятхащ, къуаншэхэр дисциплинэ жэуапым ирашэлІэну яхуэзыгъэув тхыгъэу 67-р ягъэхьэзыращ. Абыхэм япкъ иткІэ, къулыкъущІэ 15-м дисциплинэ жэуап ирагъэхьащ. Уголовнэ Іуэхур зэрагъэтІылъыжым теухуа унафэ 20, пэублэу зыхэплъэн хуейхэр къызэтезыгъэувыІэу 21-рэ, уголовнэ Іуэхур къызэІуахын ямыдэу къащта унафэу 387-рэ якъутэжащ. Апхуэдэу, щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр ящІурэ, нэхъапэм следователхэм ямытха щІэпхъаджагъэу 27-рэ учётым ягъэуващ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-ІуэхущІапІэ.***



Еплъыныгъэр министр Къумахуэ Мухьэдин къызэIуех.



АфIэунэ Владимир

● Гъэлъэгъуэныгъэ

# Дахагъэм и бзэм ирипсалъэхэр

**Хабзэ зэрыхъуам тету, «Свой стиль» фотоклубым хэтхэм я лэжьыгъэхэр Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм иджыблагъэ утыку къыщрахьащ.**

IУАЩХЬЭМАХУЭ уардэ, пшэхэм яуфэбгъуа губгъуэ, зи епэрымэр къыпщIихьэу къыпщыхъу удз гъэгъахэр, уэсэпсым и «бауэ» макъ, жыгхэм я тхыпхъэщIыпхъэ, щэху куэд зыхъумэ бгыхэр, уэршэрыжу я гъуэгу хэзыгъэщI псыежэххэр, нэр зыгъэгуфIэ нэгъуэщI сурэт куэд щыплъагъунут абы. Плъыфэрэ гъащIэкIэ гъэнщIа сурэтхэм ди щIыналъэм и дахагъыр хуабагъэшхуэ хэлъу къыббгъэдалъхьэ, гушхуэныгъэ къыпхалъхьэ.

«Свой стиль» фотоклубым и XII гъэлъэгъуэныгъэм я IэдакъэщIэкIхэр утыку кърахьат «Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттех Къарей Элинэ, Вэрокъуэ Заур, Лукьяненкэ Иван, Шевченкэ Игорь, Мокаев Тенгиз, Шипуновэ Иринэ, Нефёдов Виктор, Журт Хьэсэн, Гуртуев Елдар, Къуэдзокъуэ Регинэ, Ванинэ Наталье сымэ, нэгъуэщI куэдми.

- Сурэт къэс тхыдэм и напIэдэхьеигъуэщ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. - Сурэттех Iэзэхэм ди щIыналъэм и дахагъэ куэдым дыIуагъаплъэ, гу зылъыдмытахэр дагъэлъагъу. Пэжым ухуеймэ, мы сурэтхэр тезыхахэм сохъуапсэ, музейм и блынхэр зыгъэдахэ абы я IэдакъэщIэкIхэр искусствэ лъагэщ. Абыхэм яхузэфIэкIащ ар къагъэщIын, абыкIэ къыддэгуэшэн. Выставкэм дыщыпсэу щIыналъэм и дахагъыр иджыри зэ ди нэгу щIегъэкI. Гъэлъэгъуэныгъэр гум къинэж хъуащ, дяпэкIи фефIэкIуэну си гуапэщ.

Я гъэлъэгъуэныгъэхэм къекIуалIэхэм, я творчествэр фIыуэ зылъагъухэм яхуэгъэза фIыщIэкIэ къригъэжьащ «Свой стиль» фотоклубым и унафэщI **Лукьяненкэ Иван** и къэпсэлъэныгъэр.

- Выставкэм зи лэжьыгъэ щыфлъагъу щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ гугъу зрагъэхьыу, яIэм и нэхъыфIыр хэплъыхьауэ къыхахащ. Дэтхэнэми псалъэ гуапэ, щытхъу къелэжь. Фигу ирихьамрэ иримыхьамрэ къэдвгъащIэмэ, дяпэкIэ ди лэжьыгъэр зэредгъэфIэкIуэным яужь дитынущ.

ЗэIущIэм кърихьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэрым курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ **АфIэунэ Владимир**.

- Лэжьыгъэ телъыджэхэщ утыку кърахьахэр. Быдэу си фIэщ мэхъу мы гъэлъэгъуэныгъэр куэдым ягу зэрыдыхьэнур. Шэч хэмылъу, дэ ди министерствэм и лэжьыгъэр ефIэкIуэнымкIэ мыпхуэдэ выставкэхэр ди щIэгъэкъуэнщ, щIыналъэм и дахагъэр цIыхухэм нэIурыт ящыщIынымкIэ сурэттеххэм я зэфIэкIыр мащIэкъым. Дахагъэм и бзэр телъыджэщ, абыкIэ къыдэпсалъэ сурэттеххэм я лэжьыгъэхэм и щIэупщIэр нэхъ лъагэ хъуну сыхуейщ, - жиIащ абы.

- Пэшым щыфлъагъу сурэт къэс хъыбар иIэщ, фимыгугъэ ахэр тепхыну тыншу. Гъуэгуанэ кIыхь зэпызыч, хуей хъумэ, а зы щIыпIэм зыбжанэрэ тезыгъэзэж щыIэщ, - жеIэ фотоклубым хэт **Мокаев Тенгиз**. - Мы гъэм ди республикэм зыплъыхьакIуэ, зыгъэпсэхуакIуэ къытхуеблэгъахэр куэдкIэ нэхъыбэ хъуащ. Шэч хэмылъу, ар псом япэу зи фIыгъэр республикэр шынагъуэншэ зэрыхъуаращ, ауэ фи фIэщ фщIы, ди щIыналъэр фIы и лъэныкъуэкIэ нэхъыбэм къегъэцIыхунымкIэ ди сурэтхэми мыхьэнэ хэха зэрагъэзащIэр. Выставкэм зи лэжьыгъэ щыфлъагъухэм махуэ къэс я щIыналъэм и фIыпIэр Интернетым и хэщIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къралъхьэ. Ди къэралым и мызакъуэу, дуней псом щалъагъу ахэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ иджырей гъэлъэгъуэныгъэм зи ныбжь хэкIуэтахэри нэхъ щIалэхэри дэзыхьэхын куэд зэрыщалъагъунур. Аращи, выставкэм еплъыну хуей псори феужьэрэкI.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





● Гъуэгу къежьапIэ

# ГъукIакъуэ Идар, Чех Республикэм и щыхьэр Прагэ дэт ГъуазджэхэмкIэ къэрал институтыр ехъулIэныгъэкIэ къиухащи, йохъуэхъу



Ди щIалэ курыт Идар къэкIуэну зэманым куэдкIэ дызыщыгугъщ. Зы илъэскIэ нэхъ пасэу, институтыр фIы дыдэу къиухри, дэзыхьэха продюсер IэщIагъэр зригъэгъуэтащ. Узыншагъэ быдэ, дэрэжэгъуэ мыкIуэщI уиIэу, нэхъыжьхэм я жьауэм ущIэту, нэхъыщIэхэм уращапхъэу, уи щIэныгъэм хэбгъахъуэу, къыбдалъхуахэр уи зэфIэкIым иригушхуэу, убжьыфIэу, лъэпкъыр бгъэгуфIэу куэдрэ упсэуну, уи гъащIэр насыпрэ беягъэкIэ гъэнщIауэ щытыну дынохъуэхъури, Тхьэшхуэм къыуигъэхъулIэ, Идар!

***ФIыуэ укъэзылъагъухэу уи анэшхуэ Розэ, адэшхуэ Мухьэмэд, уи анэ Лацэ, уи адэ Аслъэнбэч, уи адэ къуэш Аслъэн, уи адэ шыпхъухэу Ларисэ, Ритэ, Роситэ, уи къуэшхэу Алибэч, Инал сымэ.***

# Къамбий Джэфар Ахьмэд и къуэр



Къэбэрдей литературэмрэ журналистикэмрэ хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ. Зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ тхакIуэ, драматург, усакIуэ, публицист Къамбий Джэфар Ахьмэд и къуэр.

Къамбий Джэфар 1942 гъэм накъыгъэм и 17-м Къармэхьэблэ адыгэ къуажэжьым къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха иужь ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. Дзэм ираджэу къигъэзэжа иужь еджэным пищащ.

Къамбийм пасэу тхэн щIидзащ. Абы фIыуэ къехъулIэрт литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэр. «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» повестыр «Ленин гъуэгу» («Адыгэ псалъэ») газетым къытехуа иужь Къамбий Джэфар зэуэ цIэрыIуэ хъуащ. Газетеджэхэм я лъэIукIэ а тхыгъэр зэрыщыту къытрадзауэ щытащ. Абы къыдэкIуэу Джэфар и зэфIэкIыр журналистикэми къыщигъэлъэгъуащ. Аращ щIалэщIэу ди газетым и корреспонденту ягъэувыныр къызыхэкIауэ щытари. Къамбийр IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылэжьащ. Псом хуэмыдэу хэзагъэрт очерк тхыным. Джэфар хуабжьу и гуапэу икIи шэрыуэу цIыху гуащIафIэхэм ятетхыхьырт. Мис апхуэдэ гуапагъэрэ хьэлэлыгъэрэкIэ гъэнщIа и тхэкIэр абы къыщигъэсэбэпащ и повестхэм, новеллэхэм, рассказхэм, пьесэхэм, усэхэм.

Къамбий Джэфар и рассказхэр щызэхуэхьэса «ГъащIэм и плъыфэхэр» тхылъым, 1971 гъэм къыдэкIам, гулъытэшхуэ хуащIауэ щытащ. Абы белджылы къыщыхъуащ куэдым хэзыщIыкI, зэгъэпщэныгъэ хьэлэмэтхэм хуэIэзэ тхакIуэ ди литературэм къызэрыхыхьар. Апхуэдэу удехьэх 2001 гъэм дунейм къытехьа «Дыщэ уэшх» тхылъым, хъыбархэр щызэхуэхьэсам. Джэфар хуабжьу къехъулIэрт усэхэри. Ахэр ди газетым щIэхщIэхыурэ къытехуэу щытащ. А псоми къыдэкIуэу Къамбийм пьесэхэри итхырт икIи нэгъуэщI лъэпкъхэм я классикэм увыпIэшуэ щызыубыда драматургхэм я IэдакъэщIэкIхэри зэридзэкIырт. Абыхэм къытращIыкIа спектаклхэр ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэувауэ щытащ.

Куэд мэхъу Къамбийм зызэрипщытахэр икIи къехъулIахэр. И гъащIэм щыщ иужь илъэс 20 хуэдизыр абы нэхъыбэу зытриухуар адыгэ тхакIуэхэм, журналистхэм я тхылъхэр къыдигъэкIыныртыр. Абы и фIыгъэкIэ гъуэгу ягъуэтащ творчествэм зезыта ныбжьыщIэ куэдым.

Къыдэлэжьахэм, зыцIыхуу щытахэм псом хуэмыдэу ар ягу къызэринэжынур хэлъа гупцIэнагъырщ, пэжыгъэрщ, цIыхугъэшхуэрщ. IуэхукIэ Джэфар зыгуэр игъэщIэхъуауэ зэи къэхъуакъым.

Дэ, и ныбжьэгъуахэмрэ абы дэлэжьахэмрэ, хуабжьу дыхуэныкъуэнущ Къамбий Джэфар. Ауэ ажалыр IэубыдыпIэншэщи, тхузэфIэкIынур зыщ: ар тщымыгъупщэнырщ. Ахърэт дахэ Тхьэм кърит!

***«Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуэщхьэмахуэ» журналым, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр.***

● ТхылъыщIэ

# Япэ лъэбакъуэ

**Иджыблагъэ дунейм къытехьащ журналист Уэрэзей Рашид и новеллэхэмрэ хъыбар кIэщIхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ.**

«ШТИРЛИЦ ищIэнут» фIэщыгъэм щIэту ар къызэрыдэкIам зэуэ гу лъыуегъатэ тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр нэхъыбэу гушыIэ жанрым хуэгъэпсауэ зэрыщытым.

«Iущащэ макъхэр», «Гулъытэншэ», «ЖаIэр пэж?», «Хьэдэгъуэдахэ», «Минвод кIуэ «ТУ» - мыбыхэм я дэтхэнэри щIэджыкIакIуэм тыншу къищтэ бзэ зэгъэкIуакIэ зэрытхам и мызакъуэу, гъащIэ дерс къызыхэпхын гупсысэхэмкIи гъэнщIащ.

Рашид и новеллэхэм къыщиIэт Iуэхугъуэхэр нэхъри IупщI къыпщащIу пэублэ псалъэ дахэкIэ къыщIедзэ. Языныкъуэхэм деж ар ехьэлIащ къыгуэхыпIэ имыIэу цIыху гъащIэм къыдекIуэкI щIыуэпс теплъэгъуэ щхьэхуэхэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм ихъумэ щэхухэм. Хъыбархэм уащрохьэлIэ Уэрэзейм езым адыгэбзэкIэ зэридзэкIауэ тхыгъэхэм къыщигъэсэбэп усэ сатырхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ.

Зеикъуэдэс Уэрэзей Рашид мыр и япэ тхылъщ. Ар къыщыдигъэкIар «Принт-центр» тхылъ тедзапIэрщ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# КъыкIэлъеIэхэр зэрызехьэхукIэ «Автозапчасть»-р яIэщIокI

● Футбол

**2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпион хъуным Бахъсэн и «Автозапчасть»-р нэхъ пэгъунэгъуж хъуащ. Щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэта зи чэзу джэгугъуэм ар и хьэрхуэрэгъухэм ефIэкIащ, абы щыгъуэми къыкIэлъеIэ «Союз-Сэрмакъымрэ» «Къэхъунымрэ», зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжри, очко тIурытI яфIэкIуэдащ.**

«АВТОЗАПЧАСТЬ»-р Арщыдан къуажэм хуабжьу къыщыхагъэзыхьащ. Арщхьэкlэ щIыпIэ «Бедик»-м ар хуигъэкIуэтакъым икIи зы топкIэ нэхъыбэ хэгъэрейхэм худагъэкIри, хьэщIэхэм текIуэныгъэр яхьащ.

ЕтIуанэ увыпIэр зыубыдынур зэхэкIын папщIэ мыхьэнэшхуэ иIащ Къэхъун щызэхэта зэIущIэм. Абы и командэм иригъэблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым и кубокыр махуитху ипэкIэ къэзыхьа «Союз-Сэрмакъыр». Хэгъэрейхэм хьэщIэхэм я дэрэжэгъуэр къызэпаудакъым икIи зэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ иухащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ иджыри наIуэ хъуакъым дыжьын медалхэр къылъысыну Iэмал нэхъ зиIэнур хэтми.

ИкIэм-икIэжым текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ иужьрей джэгугъуитхури зыфIахьа «Бахъсэным». Ар «ХьэтIохъущыкъуейм» ефIэкIыфащ, ауэ и Iуэхухэр зэтеувэжауэ зэкIэ пхужыIэнукъым.

«Родник»-мрэ «Кэнжэмрэ» Псынэдахэ щрагъэкIуэкIа зэIущIэми зыкъомкIэ иубзыхун хуейт кIэух увыпIэм щытхэм я Iуэхур. ЗэрытекIуам и фIыгъэкIэ хэгъэрейхэм мащIэу зыкъаIэтыжащ, арщхьэкIэ здынэсыщаи щыIэкъым.

Джэгугъуэ ебгъуанэ хъуауэ зэкIэлъхьэужьу къыхагъащIэ иужь дыдэ увыпIэм къыщыхута «Iэдиихур». Иджы абы «Тэрчыр» къефIэкIащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Велес**» (Къэрэгъэш) - **2**:**1**, «**Бедик**» (Арщыдан) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **2**:**3**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **2**:**1**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**ГорИс-179-Кавказкабель**» (Прохладнэ) - **5**:**1**, «**Къэхъун**» (Къэхъун) - «**Союз-Сэрмакъ**» (Налшык) - **1**:**1**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **4**:**3**, «**Спартак-Налшык-Д**» (Налшык) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **1**:**1**, «**Iэдииху**» (Iэдииху) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0**:**2**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Автозапчасть»** | **23** | **20** | **2** | **1** | **83-21** | **62** |
| **2.** | **«Союз-Сэрмакъ»** | **22** | **16** | **3** | **3** | **80-35** | **51** |
| **3.** | **«Тэрч»** | **23** | **16** | **3** | **4** | **60-29** | **51** |
| 4. | «Къэхъун» | 23 | 15 | 6 | 2 | 73-32 | 51 |
| 5. | «Велес» | 23 | 12 | 2 | 9 | 64-60 | 38 |
| 6. | «Нарт» | 23 | 12 | 2 | 9 | 58-54 | 38 |
| 7. | «Бедик» | 23 | 11 | 1 | 11 | 51-47 | 34 |
| 8. | «Псыгуэнсу» | 22 | 9 | 5 | 8 | 40-45 | 32 |
| 9. | «ХьэтIохъущыкъуей» | 23 | 9 | 5 | 9 | 54-58 | 32 |
| 10. | «ГорИс-179-Кавказкабель» | 23 | 8 | 2 | 13 | 47-55 | 26 |
| 11. | «Бахъсэн» | 23 | 7 | 3 | 13 | 43-81 | 22 |
| 12. | «ЛогоВАЗ» | 23 | 6 | 4 | 13 | 52-77 | 22 |
| 13. | «Родник» | 23 | 6 | 3 | 14 | 46-67 | 21 |
| **14.** | **«Спартак-Налшык-Д»** | **23** | **5** | **5** | **13** | **42-43** | **20** |
| **15.** | **«Кэнжэ»** | **23** | **4** | **0** | **19** | **40-86** | **12** |
| **16.** | **«Iэдииху»** | **23** | **3** | **2** | **18** | **28-71** | **11** |

# Гъуэгум къыщыхъу фэбжьхэр ягъэмэщIэн папщIэ

ГЪУЭГУМ транспорт зэжьэхэуэхэр къыщымыгъэхъуным, а къэхъукъащIэхэм кърикIуэхэр гъэмэщIэным и лъэныкъуэкIэ мы мазэм республикэм щокIуэкI шынагъуэншэу зекIуэныр къызэгъэпэщынымрэ хабзэр къызэпемыгъэудынымрэ ятеухуа Iуэхугъуэхэр:

- фокIадэм и 5, 10, 16, 23-хэм - «**Шофёр чэф**» - чэфу рулым дэтIысхьэныр къызэпыудыным теухуауэ;

- фокIадэм и 7, 20, 28-хэм - «**Гъуэгум сабий тетщ**» - балигъ мыхъуахэр транспорт щызекIуэ гъуэгум щыIэнымкIэ, рулым дэсхэм сабийхэр къызэрырашэкIыпхъэ хабзэхэр къызэпаудмэ къыщIэгъэщыным ехьэлIауэ;.

- фокIадэм и 13-м - «**Автобус. Такси**» - цIыхухэр къызэрырашэкI транспортхэм я шофёрхэм хабзэр уэим ящIмэ къахутэн папщIэ.

***Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Урысейм и мэкъумэш банкым егъэмащIэ къэрал щIэгъэкъуэныгъэ зиIэ ипотекэм техуэ процентыр

● Банк Iуэхухэр

**Иджы банкым и Iуэхутхьэбзэр къэзыгъэсэбэпхэм ипотекэ къащтэфынущ процент 11,3-рэ фIэкIа темыхуэу.**

КЪЭРАЛ щIэгъэкъуэныгъэ зиIэ ипотекэ программэм хыхьэу иджыри щыIэщ ухуэныгъэр езыхьэкI-дэрэгъухэмрэ банкымрэ ирагъэкIуэкI унэтIыныгъи. Абы ипкъ иткIэ ипотекэ щIыхуэр илъэсым хуэзэу процентри 7,5-м щегъэжьауэ къыпIэрыхьэфынущ.

Иджыпсту «Урысеймэкъумэшбанк» АО-р программэм хэт банк пашэхэм ящыщщ, щIыхуэ итам теухуауэ абы ещанэ увыпIэр иIыгъщ.

Къэрал щIэгъэкъуэныгъэ зиIэ ипотекэр къеIыпхыным теухуауэ ущыщIэупщIэ хъунущ банкым и къудамэхэм е «Урысеймэкъумэшбанкым» и сайтым. Нэхъ зэпкърыхауэ зыщыбгъэгъуазэ хъунущ мы интернет напэкIуэцIыр къызэIупхмэ: http://www.rshb.ru/natural/loans/mortgage/gov/.

Урысей Федерацэм и мэкъумэш промышленнэ IэнатIэм епха IуэхущIапIэхэм кредит-финанс Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ лъабжьэ быдэщ «Урысеймэкъумэшбанк» АО-р. Ар къызэрагъэпэщащ 2000 гъэм икIи нобэ ялъытэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэу. «Урысеймэкъумэшбанкыр» ди къэралым щылажьэхэм ящыщу нэхъ лъэщхэм, зи Iуэхухэр зэпIэзэрытхэм, мылъку хъарзыни зыбгъэдэлъ нэхъ банкышхуэхэм хабжэ. Абы и акцэхэм я процентри 100-ри къэрал мылъкущ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**


Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр I994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Маритэ,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2, 5-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(3, 4, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1465